O`zbekistan Respublikası Xalıq  Bilimlendiriw Wa`zirligi

Ajiniyaz atındag`ı  No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq   a`debiyatı kafedrası

Qaraqalpaq   tili   ha`m   a`debiyatı   fakultetinin`
4-a  kurs talabası   Nizamatdinova Gu`lnazdın`

# PİTKERİW  QA`NİGELİK JUMISI

Tema: «Berdaq shayırdın` «Xorezm» da`stanının` izertleniw ma`seleleri ha`m onı oqıtıwdın` geypara ma`seleleri»

İlimiy basshı: prof: A`. Paxratdinov

No`kis – 2014

A`jimniyaz atindag`I No`kis ma`mleketlik pedagogikliq instituti

Fakultet-qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati fakuteti.

Kafedra-qaraqalpaq a`debiyati kafedrasi.

Ilimiy basshi-professor A`. Paxratdinov.

Pitkeriwshi G.Nizamaddinova

**Temasi:** "Berdaq shayirdin` "Xorezim"da`stanin` izertleniw ma`seleleri ha`m oni oqitiw ma`seleleri"

## Avtorliq annotatsiya

**Temanin` aktuallig`i:** Uliwma bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq a`debiyatin oqitiwdin` sapasin arttiriw, oqtiwdin` ja`n` metodlarinan paydalaniw ha`m alding`I pedagogiklaq texnologiyalardan orinli paydalanip oqitiwdin` bilim ko`nlikpelerin rawajlandiriw.

**Izertlewdin` maqseti ha`m waziypalari:**

Jumisimizdin` maqseti ha`m waziypasi sonnan ibarat. Uliwma bilimlendiriw mekteplerinde qaraqalpaq a`debiyatin oqitiwdin` sapasin artiriw. Ta`lim texnologiyalarinan orinli paydalanip oqiwshi jaslardin` bilim ko`nlikpelerin qa`liplesritiw ha`m rawajlandiriw.

**Izertlewdin` aldina qoyg`an waziypalari to`mnedegishe:**

Bilimlendiriwde jan`a metodlardi oqiw barisina engiziw.

Jan`a pedtexnologiyalardan orinli paydalaniwi. Bilim beriwdin` sapasin jaqsilaw.

**Jumistin` ilimiy jan`alig`I:**

Bilimlendiriwdin` sapasin artiriw. Uliwma bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq a`debiyatin oqitiwdin` sapasin ha`m ta`lim texnologiyalarin en jaydiriw.

**Izrertlewdin` metodikaliq tiykari ha`m teoriyaliq bahasi:**

Jumisimizdi izertlew, u`yreniw barisinda biz aldimizg`a qoyg`an waziypani sheshiwde birinshi gezekte, ilimiy teoriyaliq materiallarg`a su`yendik. O`zimizdin` teoriyaliq bilimimizdi, ilimiy materiallar menen baylanistirip jumisimizdin` aldina qoyg`an waziypalarin sheshiwde tiykar etip

aldiq.

**Jumisimizdin` tiykarg`i metodi:**

Jumisimizdin` tiykarg`I izertlew metodi retinde ilimiy teoriyaliq, tariyxiy salistirmali, metodlar xizmet atqaradi.

**Izertlewdin` a`meliy a`himiyeti:**

Abbaz shayirdin` “Bahadir” da`stanin lilimiy teoriyaliq jaqtan teren`rek u`yreniwge qizig`ishilarg`a, izertlewshilerge, ilimiy u`yreniwshilerge, ta`lim-ta`rbiya protsessinde u`yreniw ushin paydalaniw mu`mkin.

**Jumistin qurilisi:**

Kirisiw, juwmaq ha`mde paydalanilg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

**Ilimiy basshi:** **professor: A`.Paxratdinov**

**Pitkeriwshi:** **G. Nizamaddinova**

Temasi: **Berdaq shayırdın` «Xorezm» da`stanının` izertleniw ma`seleleri ha`m onı oqıtıwdın` geypara ma`seleleri**

Jobasi:

KİRİSİW

**I BAP.** Berdaq shayır shıg`armaları ja`miyetlik tariyxtın` ha`m milliy ma`deniyat tariyxının` bir bo`legi

**II BAP.** Berdaq shayır do`retiwshiliginde payda bolg`an jazba da`stanlıq shıg`armalar

**III BAP.** Berdaq shayırdın` «Xorezm» da`stanının` izertleniw ma`seleleri ha`m onı oqıtıwdın` geypara ma`seleleri.

Juwmaq

Paydalanılg`an a`debiyatlar.

# KİRİSİW

Berdaq shayır G`arg`abay ulı XIX a`sirdegi Qaraqalpaq klassik a`debiyatının` tiykarın salıwshılardın` biri. Ol pu`tkil o`mirin ha`m do`retiwshilik xızmetlerin birinshi na`wbette qaraqalpaq xalqının`, sonın` menen birge pu`tkil insaniyattın` baxıt-saadatı ushın gu`reske bag`ıshladı. Ol xalıqtın` abadan turmıs keshiriwleri, ha`r qanday feodallıq jawızlıqlardın` aldın alıwg`a, eldin` tınısh turmıs keshiriwin, olardın` ruwxıy o`mirinin` erkin, shadlı o`tiwine, ol ushın milliy a`debiyattın`, ko`rkem o`nerdin`, ma`deniyattın` rawajlanıwına g`ayrat salg`an, ja`miyettin` aldın`g`ı qatarındag`ı aqıl saqawatlı insanlarının` bir bolg`an adam. Sonın` ushın ol o`z zamanında shayırlıq, baqsılıq o`neri boyınsha izinde  sha`kirtler qaldırdı, qaraqalpaq klassik a`debiyatın ha`m ko`rkem o`nerin jan`a basqıshlarg`a ko`terdi. Sol sebepli de Berdaq shayırdı o`z zamanının` xalqı shın ju`rekten su`ydi ha`m hu`rmet etti, onın` shıgarmaları o`z da`wirinin` ta`lim-ta`rbiya quralı bolıp xızmet atqardı ha`m olardın xalıq estetikalıq zawıq aldı. Onın` a`debiyat ha`m ko`rkem o`nerdegi usınday biybaha xızmetleri ushın do`retiwshiligin izertlewshi alımlar A.S.Pushkin orıs xalqı ushın, Abay qazaq xılqı ushın, Maqtımqulı turkmen xalqı ushın qanday qa`dirli bolsa, Berdaq shayır qaraqalpaq xalqı ushın sonday qa`dirli insan bolıp qaldı dep te Orta Aziya xalıqlarının` XIX a`sirdegi u`sh jarıq juldızlarının` biri boldı dep te bahalaydı.

Berdaq shayırdın` bizge qaldırg`an biybaha miyrası XIX a`sirdegi ja`miyetlik tariyxtın` bir bo`limi, millet ma`deniyatının` tariyxı bolıp qalmastan, ol o`tken a`sirdegi qaraqalpaq xalqının` u`lken bay a`jayıp tariyxın jazba esteligi bolıp ta qaldı. Onın` bul shıgarmaları arqalı biz Berdaq shayır do`retiwshiligindegi feodallıq, patriarxatlıq a`sir sharayatı ju`zege keltirgen tariyxıy sotsiallıq qarama-qarsılıqlardın` sebeplerin de anıq ko`remiz.

Berdaq shayır G`arg`abay ulı XIX a`sirdin` birinshi shereginde 1827-jılı 9-noyabr`de qaraqalpaqlardın` Qon`ırat begligine qaraslı A`miwda`r`yanın` Aral ten`izine quyar jeride Quwlıko`l degen awılda diyxan shan`arag`ında du`n`yag`a keldi. XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı tariyxında o`z o`mir jolın o`z qolı menen jazıp qaldırg`an birden bir shayır Berdaq boldı. Shayır o`zinin` du`n`yag`a

kelgininen baslap o`mirinin` aqırına shekem o`mir tariyxın xronologiyalıq ta`rtipte jazıp qaldırg`an. «O`mirim» atlı shıg`arması onın` o`mir jolların belgilewde u`lken tariyxıy dokumentallıq xarakter iyeleytug`ın shıg`arması.

Bunnan tısqarı Berdaq shayırdın` ko`p lirikalıq ha`m epikalıq do`retpelerinde de onın` o`mirine, do`retiwshilik xızmetlerine baylanıslı ko`p-ko`p qımbatlı faktler ha`m mag`lıwmatlar bar. Sonın` ushın shayırdın` o`mir tariyxın, do`retiwshilik iskerligin u`yreniwde derek bolıp Berdaq shayırdın` o`zinin` shıg`armaları bolıp esaplanadı.

Berdaq shayır barlıq shıg`armaların o`z qolı menen jazıp do`retti. Bul arqalı ol o`z zamanı ushın XIX a`sirdin` u`lken ko`rkemlik entsiklopediyasın jarattı. Olardag`ı qımbatlı faktler ha`m mag`lıwmatlarda Berdaq shayırdın` o`zinin` jeke o`miri, do`retiwshilik xızmetleri, ayırım shıg`armalarının` jazılıw tariyxı, o`zinin` xalqının` arzıw-a`rmanları, xalıq azatlıq gu`resleri, ekspluatatorlıq jazıwlıqlarg`a qarsı ko`z-qarasları anıq berilgen. Sonın` ushın shayırdın` jeke o`miri, do`retiwshilik xızmetleri haqqındag`ı anıq tariyxıy faktler shayırdın` o`z qolı menen jazıp qaldırg`an miynetlerinde saqlang`an.

Ekinshi. Berdaq shayırdın` o`mirine ha`m do`retiwshililik ıxzmetlerine baylanıslı materiallar birinshi gezekte baspada bastırıp shıgw ha`m ol ullı miyrastı izertlew da`wirinde ilimpazlarımız ta`repinen, onın` tuwısqan tuwg`anlarının` shayırdı ko`rgen, onın` menen birge jasag`an zamanlaslarınan anıqlap juwmaq shıg`arg`an shayır do`retiwshiligine birinshilerden bolıp ilimin juwmaq jasag`an filologiya ilimlerinin` doktorı Na`jim Da`wqaraev o`zinin` 1950-jılı orıs ha`m qaraqalpaq tillerinde baspadan shıgg`an «Berdaq shayır» atlı kitabının` «Berdaq shayırdın` o`mir bayanı, jo`ninde» degen bo`liminde, «Berdaqtın` o`miri jo`nindegi mag`lıwmatlar Berdaqtı ko`rgen, Berdaq tuwralı onın` do`retiwshiligi jo`ninde ko`p na`rselerdi biletug`ın qa`ndelik Yaxıya molla (1941-jılı 86 jasında o`ldi) ha`m Qutlımurat begler begi (1942-jılı 93 jasında o`ldi) ja`ne Moynaq rayoının` Qazaqda`r`ya awıllıq ken`esinde jasaytug`ın g`arrılardan jazıp alındı[1]»- dep mag`lıwmat berdi.

**1.Berdaq Tolıq jıynag`ı. KKMB. To`tku`l, 1941 jıl.**

İlimpaz bul og`ada a`hmiyetli mag`lıwmatlardı bunnan 8-9 jıl burın 1941-jıllarındag`ı «Qaraqalpaq klassik a`debiyatı tariyxı» dep atalg`an kandidatlıq dissertatsiyasında da qaytalag`an edi.

"Berdaq shayırdın` o`mir jolın ha`m do`retiwshilik xızmetlerin u`yreniwdegi u`shinshi derekti xalıq awızeki tvorshestvosı quraydı. Ondag`ı Berdaqtın` o`z zamanındag`ı shayırlıq, baqsılıq sheberlikleri, baqsılarg`a ustazlıq dan`qı. Xorezm xalıqları, Sırda`r`ya boyındag`ı qazaq ellerine ken` taralg`an onın` shayırlıq ha`m baqsılıq dan`qı, u`lken ko`rkem so`z ustası aqıllıg`ı jo`ninde, danalıqları haqqında eldegi xalıq awzındag`ı ju`da` ko`p sandag`ı tolıp atırgan a`psana ha`m legendalıq ga`pler quraydı." [2]

Berdaq shayırdın` o`miri ha`m do`retiwshiligi haqqında qaraqalpaq xalqındag`ı ko`p-ko`p legendalıq a`psanalıq ga`plerden tısqarı Berdaq shayır haqqında o`zbek, qazaq, tu`rkmen xalıqlarının` awızeki xalıq do`retiwshiliginde ko`p g`ana qosıqlar, ertekler, a`psanalar legendalar jaratılgan. Bul a`debiyat tariyxında u`lken waqıya.

Berdaq shayır da o`z gezeginde xalıqlar a`debiyatınan, ko`rkem o`nerinen, ma`deniyattın` jetiskenliklerinen ken` paydalangan. Shayırlıqta Nawayını, Maqtımqulını ha`m t.b da ko`p so`z sheberlerin ustaz tutqan. Tu`rkmen xalqının` ataqlı baqsısı Go`rbaqsıg`a sha`kirt bolg`an. Sır boyındag`ı qazaq xalqı shayırları ha`m baqsılarının` ustazı bolg`an. "A`sirese Seydalı shayır basıshılg`ındag`ı ko`p xalıq aqınları Berdaq shayır ustazımız dep hu`rmet etken"[3]. Sol sebepten de bul xalıqlar arasında Berdaq shayır haqqında xalıq awızeki do`retiwshiliginde shayır obrazı biykarg`a jaratılmag`an. Bul turkiy xalıqlar shayırlı u`lken kishkenesine shekem haqıyqıy shın ma`nisindegi ardaqlı insan dep qa`dirlegen. Sol sebepli de onın` shıg`armaların su`yip oqıg`an.

XX a`sirdin` 1920-1930 jıllarındag`ı, sovet hu`kimeti da`wirinde Berdaq shayırdın` o`mirin, a`debiy do`retiwshilik iskerligin jan`adan` u`yreniw da`wiri baslanadı. Biraq, bul jıllarda elde sha`rayat xalıktın` tilekleri boyınsha emes,

**2.Berdaq. Tan`lamalı shıg`armalar jıynag`ı. KKMB. No`kis, 1950 ha`m 1956-jıllar**
**3.Berdaqtın` Tan`lamalı shıg`armalar jıynag`ı «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis 1987-jıl**

pu`tkilley basqasha qurılıp ketti. Elde sovetlik dep atalg`an totalitarlıq ja`miyet payda boldı. Qaraqalpaqstanda 1917-1924 jıllarda ken`es hu`kimdarlıg`ı tolıq jen`ip alg`annan keyin, 1926-1941 jıllar Qaraqalpaqstanda totalitarlıq du`zimnin` qa`liplesiw da`wirlerin basınan keshirdi. Bul ja`miyetlik tariyxıy protsess elge, xalıqqa ju`da` awırg`a tu`sti.

Sebebi elde ornag`an jan`a hu`kimettin` siyasatı zorabanlıqqa tiykarlandı. Elde ko`p a`sirlik, ko`p jıldan qurılg`an, xalıq o`z qolları menen qurg`an meshit, medireseler buzıp taslandı.

## I BAP. Berdaq shayır shıg`armaları ja`miyetlik tariyxtın` ha`m milliy ma`deniyat tariyxının` bir bo`legi

Bizin` ko`p a`sirlik o`tkendegi ma`deniyat ha`m a`debiyat tariyxımızdan belgili, xalqımızdın` etkendegi tariyxı ha`zirgi jasap atırg`an a`wladlar ushın ten`i tayı joq u`lken a`hmiyetke iye. O`ytkeni, bul «Arqa Xorezm» dep atalg`an a`yyemgi Qaraqalpaqlar topırag`ında neshshe-neshshe alımlar, danıshpan ilimpazlar, shayırlar, qıssaxanlar, jıraw, baqsılar jasamagan deysiz. Onda o`z eli, o`z xalqının` keleshegi ushın janların pida` etken qanshadan-qansha azam atlar etpegen deysiz. Onda o`z eli, o`z xaln` keleshegi ushın janların pida` etken qanshadan-qansha azamatlar o`tpegen deysiz. Sonın` ushında prezidentimizx I.K.Karimov O`zbekstan xalıqları g`a`rezsizlikke erisken da`slepki ku`nlerden aq o`tken tariyxımızda teren` ha`m ha`r ta`repleme u`yreniw ma`selelerine ayrıksha g`amqorlıq qılıp keldi.

Biz du`n`ya tsivilizatsiyasının` basıp o`tken jollarına qarag`anımızda ha`r qanday xalıqlardın` gu`llep, jaynap jasawı ushın o`tken tariyxtın` ten`i tayı joq a`hmiyetli bolg`anlıg`ın ko`remiz. Bul ma`seleni jay xalıqlar emes, ullı taxt iyeleri bolg`an patshalarda, xanlarda, u`lken ilimpazlarda, jazıwshı, shayırlarda, mug`allimler, oqıwshılarda o`z o`mirlerin, o`z xalqının` tariyxın u`yreniwdegi baslag`an. Tariyx jolı ha`r bir xalıqtın` jasaw tariyxının` kompası bolg`an.

Ma`selen tariyxta. Pu`tkil du`n`yanı o`zine bag`ındırg`an Iskender Zul`qarnayinge ustazı bolg`an danıshpan Aristotel` nelerdi u`yretken eken?-degen sawallar bar. Sonda danıshpan Arestotel` kishkene sha`kirtine yunonlardın` saatlıq, g`a`rezsizlik ushın gu`reslerine jas sha`kirtine so`ylep bergen. Bul jollardag`ı xalıq qaharmanların dırlagan xalıq shayırlarının` shıgarmaların, milliy xalıq da`stanların jalıqpay u`yretken. Sol arqalı o`z sha`kirtinin` kewillerine o`z qaharman xalqının` qu`diretlikleri haqqında milliy sezimlerin oyatqan. Onı qaharmanlıqlarg`a u`yretken.yu Sonlıqtanda Iskender Zul`qanayınnın` qu`diretlilikleri de usınnan baslangan!-dep juwap beredi.

Sahib Qıran Amir Temirdin` de qu`diretlikleri Shıg`ıs ha`m Batıs Evropa tariyxın jaqsı bilgenligi, ja`ne de ol o`z perzentlerine bul tariyxtı jalıqpay

u`yreniwdi talap etkenliginde-dep aytıladı.

Mine, o`tkendegi tariyxtın` sabakları bul bizin` bu`gingi ku`ngi qurıp atırg`an erkin puxaralıq ja`miyetimizdin` teren` tamırları usında ekenligin ko`remiz.

Ma`selen, biz filologlarg`a, studentlerge, aspirantlarg`a, mektep mug`allimlerine, shayır, jazıwshılarg`a, jurtnalistlerge, ilimpazlarg`a Berdaq shayır do`retpeleri u`lken tariyx. Bul o`tken a`sirdegi bir xalıqtın` tek millet ma`deniyatının` g`ana tariyxı emes, al ol ja`miyetlik tariyxtın` da bir bo`legi. Sol sebepli, Berdaq shayır miyrasların tek g`ana o`tkendegi tariyxın miyras sıpatında u`yrenip qoymastan, ol bu`gingi ku`nimiz ushında a`jayıp a`hmiyetli miyras ekenligin ko`rsetiwimiz kerek.

Biz mektepte oqıwshılarg`a, joqarı oqıw orınlarında studentlerge yamasa ilimiy jumıslarımızda Berdaq shayır XIX a`sirde jasap sonsha lirikalıq shıg`armalar, keskin konfiliktli, ken` polotnodag`ı a`jayıp da`stanlardı do`retken dep jazılıp qaldırılg`an miynetlerime? Bularda Berdaq shayır XIX a`sirde ha`m onnanda ko`p a`sirler burın o`z xalqının`, Qaraqalpaq xalqının`, turkiy xalıklar ishinde ruwxıy qu`diretlilikler menen jasap kiyatırg`an bay tariyxqqa iye xalıq ekenligin ko`rsetiwge ku`sh salg`an. Ma`selen «Amangeldi» da`stanı bizin` aldımızg`a, bizin` ko`zimizge qanshadan-qansha a`jayıp qaharmanlıq tariyxlardı elesletedi. Onda XVIII a`sirdegi Qaraqalpaqlardın` Turkistanda jasap turgan waqıtlardag`ı Qoxan xanlarının` a`dalatsızlıqlarına qarsı gu`resler tariyxın, ha`r qanday jawızlıqlarg`a qarsı gu`rese algan, ol qarsılıqlardı jen`gen xalıqlardan ekenligin jırlag`an. Bul arqalı Qaraqalpaqlardın` ha`r qanday jawızlıqlarg`a qarsı gu`reslerge jen`ip shıqqan xalıqlardın ekenliklerin jazıp, o`z a`wladlarının` ju`reklerine sham jaqqan, olarg`a ruwxıy ku`sh qu`diretlikler ha`m olardın` o`zlerine u`lken isenimler bag`ıshlagan, oldardı o`z atamalarının` ma`rtlikleri ha`m qaharmanlıqları menen maqtanısh etiwge ta`rbiyalag`an shayır.

Sonın` ushında shayr sol a`sirdegi jasag`an at-analarımızdın` sonsha ma`rtliklerin kelesi a`wladlarg`a maqtanısh etip qaldırg`an. Bul arqalı siz Xorezmde jasag`an ma`rt xalıqlardın` a`wladları ekenligiimzge ko`zimiz jetip, ol ushın maqtanısh etemiz. Mine, bizge o`tken tariyxımızdı teren` biliwimizdin`

bu`gingi ku`nimiz ushın a`hmiyeti qaylarda jatır desen`shi. Ondag`ı ha`mme xalıqlar o`z ata-babalarının` tariyxıy menen maqtanısh etdi. Sol sebepli ha`zirgi bizin` g`a`rezsizlik zamanımızda mekteplerdegi, litsey, kolledjlerdegi, institut, universitetlerdegi tariyxıy, a`debiyatshı mugallimlerimiz xalqımız tariyxının` usı ta`replerin o`z oqıwshılarına jeterli da`rejede u`yretiwleri sha`rt.

Berdaq shayır sonsha do`retpelerdi biykardan biykarg`a jazbag`an, olda o`z zamanının` talantlı ha`m sawatlı perzentlerinen biri bolg`an. Berdaq shayırda o`z zamanının` ha`m onnanda burıng`ı xalıqlar tariyxın, da`stu`rlerin ha`m ta`jiriybelerin u`yrengen. Ma`selen, Arab parsı xalıqları, sonın` menen birge turkiy xalıqlar tariyxın, a`debiyatın, ma`deniyatın u`yrengen. A`sirese ol a`yyem zamanlardan du`n`yadag`ı u`lken ilim ha`m ma`deniyatı oshaqlarının` biri bolg`an. Xorezm tsivilizatsiyasının` tariyxıy da`stu`rlerinde ta`rbiyalang`an shayır bolg`an.

Usı eski Xorezmnin` ullılıg`ı tuwralı du`n`ya tariyxshıları onı qansha joqarı bahalaydı. Onın`qu`diretliligi haqqında S.P.Tolstov pu`tkil du`n`yag`a mashqurı so`zinin` «A`yyemgi Xorezm» degen miynetinde «Bospor ha`m Iberiya, Ormeniya ha`m Parfiya, Kongo Xorezm-Indiskov imperiyasın qurag`an a`yyemgi u`lken territoriyada Xorezm qanday dan`qılı edi. A`yyemgi Xorezm bir waqıtları Indiyag`a, Irang`a bir waqıtlar da Evropag`a ha`tte uzaq Sibir`ge shekem ta`sir jasadı»-dep ko`rsetti.

Qaraqalpaqlar ha`mme da`wirlerde de Xorezm jeri bizin` Watanımız dep maqtanısh etken. Sonın` ushında Berdaq shayır Xorezm xalıqlarının` tariyxın jazg`an. «Xorezm» da`stanın jazıp jırlagan. Xorezm tsivilizatsiyasının` bo`linbes bir bo`legi sıpatında «Qaraqalpaqlar shejiresinde» do`retti. Berdaq shayır Xorezm xalıqları tariyxın do`retiwdin`, elde, xalıqta Xorezm, Qaraqalpaqlar tariyxın jırlawdın` en` zamanları ha`m son`g`ı a`wladlar o`zin-o`zi tanıwg`a, o`zlerin qanday qaharman xalıqlardın` a`wladları ekenliklerin ha`tte ilim ha`m ma`deniyatta qanday orınları bar xalıqlardan bolg`anlıqlarıng tu`sinip olardı qaharmanlarga, ma`rtliklerge ha`tte o` ata-babalarının` da`stu`rlerin dawam ettiriwge shaqırıwshı ku`sh qu`diretlikler bag`ıshlatug`ınlıqların tu`sinip jazg`an. Bul da`stanlarda ol xalıqta insanlardı usınday bir ten`i tayı joq ta`rbiyag`a alıp

keletug`ınlıg`ın bilip jazdı. Sebebi, A`yyemgi Xorezm ilim ha`m ma`deniyattın` orayı bolg`an jer, pu`tkil du`n`yaga bir waqıtlarda ta`sir jasag`anda jer.

Berdaq shayırdın` Aydos biy, Ernazar biy da`stanların jazıwının` o`zi ol o`tken a`sirdegi Qaraqalpaq a`debiyatın u`lken-u`lken da`stanlıq shıgarmalar menen bayıtıwdan tısqarı, ol tvorshestvo xızmetkerleri ushın o`z zamanınıdag`ı u`lken qaharmanlıqlardın` belgiside, sebebi XIX a`sirdegi 1827-jılg`ı, 1955-56 jıllardag`ı Qaraqalpaq xalqının` eldegi a`dalatsızlıqlarg`a qarsı gu`resler tariyxın bul a`sirdegi Qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı jasawshı tek Qaraqalpaqlardın` emes, o`zbekler, tu`rkmenler, qazaq xalıqlarında Qaraqalpaqlar menen birge xalıq azat etiwshilik gu`resleri dep belgileydi. Tariyxta usnday ha`r qanday a`dalatsızlıqlarg`a qarsı xalıq aazatlıq gu`reslerin baslag`an Aydos biy, Ernazar alako`zdin` qaharman a`wladlardın` ta`repinen jırlaytug`ın da`stanlar do`retiw, arqalı o`z eline, o`z halqına qaharman perzentlerinin` bolg`anlıqlarına maqtanısh sezimlerin oyatadı. Qaraqalpaqlardı o`zleri real tariyxta bolg`an Amangeldi, Aydos biy, Ernazar biy usag`an qaharmanları bolg`an xalıqtın perzentleri ekenlikleri menen olardın` kewillerine sham jaqqan. Bul da`stanlar o`z xalqının` tariyxta ma`rt xalıq ekenliklerin da`lillegen. Bul ma`selelerde tastıyıqlawda shayırdın` «Aqmaq patsha» da`stanı ayrıqsha rol` atqaradı. Onda Qaraqalpaqlardın` ha`r qanday bolg`an jawızlıqlarg`a qarsı tuwra keletug`ın, ha`tte olardı jen`e alatug`ın insanlar ekenligi da`lillenedi. A`sirese da`standa jawızlıqqa qarsı gu`reslerde erlerdi qoyıspaytug`ın qaraqalpaq qaharman hayal-qızlarının` obrazları ayrıqsha jırlanadı.

Bizin` ha`zirgi g`a`rezsizlik da`wirimizde biz o`zlerimiz usınday ma`rt qaharman xalıqlardın` a`wladları ekenliginmizdi oyg`a alıp biz o`z elimizde puxaralıq ja`miyet qura alatug`ınlıg`ımızg`a ha`zirgi a`wladlardın` isenimlerin arttıramız. Ma`selen. I.A.Karimov o`zinin` «XXI a`sir bosag`asında» degen miynetinde «O`zbekstan XXI a`sir bosag`asında o`zinin` rawajlanıwı boyınsha ko`rsete kelip, bunın` u`lken sebepleri bar, o`ytkeni ha`zirgi zaman O`zbekstan xalqının` ilimiy do`retiwshiliklerinin` tırnaqları bunnan bir neshe a`sirler burın aq salıng`an…bul ilimiy do`retiwshilik tamırları ju`da` teren` ketken ha`m olar o`nimdarlı topıraqqa` jaylasqan»-dep ko`rsetedi.

Sonın` ushın bul tariyxtın` a`hmiyetli ta`rbiyalıq sabaqların biz tanımıwımız durıs u`yreniwimiz ha`zirgi da`wirdegi barlıq a`wladlarg`a birinshi da`rejeli wazıypa bolıp esaplanadı. Sol sebepli biz Berdaq shayır tvorshestvosında lirikalıq, da`stanlıq shıgarmalardın` ko`pligi menen maqtanısh etpesten, al ol shıg`armalardın` usınday u`lken ta`rbiyalıq sabaqlar ekenligin menen maqtanısh etimiwiz kerek.

Ha`zirgi a`wladlarg`a o`tken a`sirlerdegi tariyxımızdın` bunday ruwxıy ta`rbiyalıq ku`shin ko`remiz ha`m u`yretiw ushın ko`rkem a`debiyattı mekteplerde, akademiyalıq litseylerde, ka`siplik kolledjlerde, ha`tte joqarı ow orınlarında qurg`aq oqıtıwlardan saqlaw kerek boladı. Ha`r qanday ko`rkem shıgarmada insan o`miri bar. Ha`r qanday ko`rkem shıg`arma insan ushın jazıladı. Sol sebepli onın` ko`rkem qa`siyetliginde, onın` o`mirine ta`rbiyalıq ta`sir etelik ku`shine de itibar beriw kerek.

Biz ne ushın Berdaq shayır shıgarmaları qu`diretli deymiz. Sebebi, shayırdın` da`stanlıq shıg`armalarısız aq kishkene lirikalıq shıgarmalarının` o`zinde de XIX a`sirde jasag`an Qaraqalpaq xalqının` qanday tariyxıy ideal, tariyxıy milliy ideyalar menen jasag`an xalıq ekenligi so`ylenip turadı.

Geypara adamlar a`debiyatqa jeterli tu`sinbey, Berdaq shayır miyrasının` o`tken a`sirdegi Qaraqalpaq xalqının` u`lken jazba esteligi ekenligin, onda u`lken tariyxtın` danıshpanlıq sabaqları jatqanlıg`ın tu`sinbey, al ol Berdaq shıgarmaların sho`p shardan tazalaw kerek, Aydos biy da`stanı, Erkebay da`stanı Berdaq shayırdiki emes, Onın` shıglarında qarama-qarsılıqlar ko`p dep shawlap ju`r. Ha`tte olar Berdaq shayır shıgarmaları haqqında jazılgan ilimiy jumıslar tek ilimiy da`reje alıw ushın g`ana jızılg`an miynetler-dep qoyadı. A`debiyattag`ı bul tayıpadag`ı adamlar Berdaq shayır miyrasının` teren` sırların tu`sine almay ju`rgen adamlar. Olar Ullı tariyxtın` ta`rbiyalıq sabaqları menen qurallanıwdın` ornına ele o`tkendegi milliy miyrastın` qanday bolatug`ınlıg`ında bayqamay ju`rgen, ulıwma ilimnen awlaq adamlar.

Bizge Berdaq shayır miyrası arqalı jetken tariyx sabaqları bizin` ha`zirgi jasap turg`an a`wladlarımızdı ruwxlandırıwshı, ha`zirgi milliy idnologiya tiykarında

qayta ta`rbiyalaytug`ın u`lken xılıqlıq miyras ekenligi menen bahalı.

### 1.2. Berdaq shayır do`retpeleri-xalqımızdın` o`tken a`sirdegi milliy jazba esteligi

Qaraqalpaqlar a`yyemgi Xorezm tsivilizatsiyasının` da`stu`rinde jasag`an xalıq. Sonın` ushın ol ko`p a`sirlik bay a`debiy, ma`deniy tariyxqa iye. Qaraqalpaqlardın` arab, parsı ha`m barlıq turkiy xalıqlar menen qarım-qatnasta bolıp, ha`mme jerler menen baylanısıp qalg`an ilimli de, bilimli de, a`debiyatqa, ko`rkem o`nerge bayda, sharwada, diyxanda, jawıngerde, du`n`yag`a belgili de xalıq bolg`anlıg`ı hesh kim de hesh qashan biykarlayda alg`an emes. O`mir boyınsha qubla shıg`ısta ilim maskanı bolg`an Buxariyiy Sharip, batısında Mamun Akademiyasmı jaylasqan 360 a`wliyenin` Watanı dep atalg`an Urgenshtin` aralıg`ında jasag`an xalıq. Ustyurt ken`ligi, A`miwda`r`ya, Sırda`r`ya boy aralı, Jan`ada`r`ya Quwanda`r`ya massivleri, qubla Aral ha`m Aral a`tirapları bul xalıqtın` o`mir boyına tiykarg`ı jaylagan ma`kanları bolg`an.

XVIII ha`m XIX a`sirlerde qaraqalpaqlardın` tek u`shten bir bo`legi g`ana Turkistannan buratala ko`ship kelip, o`zlerinin` a`yyemgi ata-babalarının` ma`kanı Xorezmge kelip ornalasqan. XIX a`sirde bul jerlerde mektep, meshit ha`m mediriselerdin` sanı ko`beyedi. Bul ma`kang`a kelgennen keyin qaraqalpaqlardın` burıng`ısha arab, parsı xalıqları menen baylanısları ku`sheyedi. Xalıq Bag`datqa, Mısırg`a, Ma`kkege, Qıyratqa, Qabulg`a, Stambul medireselerine barıp oqıwların dawam etedi. Al, ol ullı medireselerge jete almag`anlar. Xiywa xanlıg`ı menen Buxara o`mirliginde ullı medireselerde erkin bilim aladı.

Al, bulardan ko`p aldın XIII a`sirlerde aq qaraqalpaqlar jerinde Qumo`zek iyshan mediresesi ornında, XIV-XV a`sirlerde Qaraqum iyshan mediresesi ornında XVI a`sirde Nazarxanda, Shımbayda, Tas medireseler dep atalg`an ullı medireseler ha`m son` Aqjag`ısta Nurılla axun medireleseleri payda boladı. Bul a`sirlerde qaraqalpaqlardın` ha`r bir awıllarında meshitler islep turg`an.

Xorezm elatında musılmanshılıqtın` bes sha`rtlerinin` birewi ul-qızların mektepke berip sawatlandırıw el, xalıq da`stu`rine aylangan. Bul meshit, medireselerde Bag`datta, Tegaranda, Mısırda, Qarashiyde, Qabulda, Xiywada,

Buxarada medireseler pitkergen ilimli sawatlı allamalar sabaq bergen. Xalıqta sawatlılıq ju`da` ku`shli bolg`an. Geypara ilimiy dereklerge muwapıq 1900-jıllardın` o`zinde qaraqalpaqlarda 3000 meshit medireseler islep turg`an. Arqa Xorezmdegi en` sawatlı jer qaraqalpaqlar bolg`an. A`sirese elde jazba ma`deniyatı jaqsı rawajlang`an. En` baslısı bul da`wirlerde qaraqalpaqlarda orta a`sirdegi turkiy xalıqlardag`ı qa`liplesip ketken xat janrı og`ada ha`wij alg`an. Arab, parsı, turk tillerinen kitaplardı ko`shiriw, qaraqalpaqshalaw ma`seleleri jolg`a qoyılg`an. Bul da`wirlerden XX a`sirdin` birinshi shekem turkiy xalıqlarda kitap basıp shıgarıw bolmag`an. Orta a`sirdegi ilimpazlarımız bolg`an Al Farabiy, Imam Al Buxariy, Al Beruniy Ulıg`bek, Abu Ali Ibn Sino, Al Xorezmiy miynetleri danıshpan shayırlarımız Xoja axmat Yassawiy, Ferdawsiy, Nizamiy Genjawiy, Ja`miy, Dexleviy, Nawayı ha`m Maqtımqulılardın` a`jayıp do`retpeleri de qol jazba tu`rinde kitap tu`rine kelip taratılg`an. Barlıq ilim pa`n, tariyx, a`debiyat, ma`deniyatı estelikleri de jurtshılıqqa usılayınsha jayılg`an. Ha`tte medirese menen meshitlerde quran, ha`dis ja`ne de sha`rayat nızamlıqların, sonday aq su`wretlerdi, hayatlardı u`yrenetug`ın pa`nlerde xatkerler ta`repinen ko`shirilip ko`beytilgen, qoldan qolg`a jazba halın`da jetkerilgen. Bularda tariyxta o`z da`wirindegi jazba ma`deniyattın` rawajlanıw da`wirleri dep esaplangan. Bul xarakterdegi jazıw madennyatı yag`nıy rawajlangan xat penen XX a`sirdin` 20-jıllarına shekem dawam etti.

XIX a`sirdin` ishindshe elde qaraqalpaqlardın` milliy jazba ma`deniyatın, a`debiyatın baslag`an, rawajlandırg`an ha`m qa`liplestirgen Ku`nxoja, A`jiniyaz, Berdaq, O`tesh shayırlar usag`an kiyatırgan turkiy xalıqlardag`ı rawajlangan xat janrının` da`stu`rinde o`z shıg`armaların jazıp do`retti. Bul a`sirdin` birinshi yarımında aq qaraqalpaq milliy jazba a`debiyatı rawajlandı. Usı a`debiyattın` en` ko`rnekli shayrılarının` biri Berdaq shayır Qarg`abay ulı boldı. Ol o`z da`wirinin` a`debiyatın ju`da` ko`p sandag`ı lirikalıq ha`m satiralıq shıgarmalar menen bayıttı. Aqmaq patsha, Aydos biy, Ernazar biy, Amangeldi, Rawshan, Erkebay usag`an a`jayıp jazba da`stanlıq shıgarmalar menen bayıttı ha`m rawajlandırdı. XIX a`sirde qaraqalpaqlarda jazba da`stanlıq shıg`armalarının` payda bolıwı tek qaraqalpaq

xalqında g`ana emes, al turkiy xalıqlardın` ishinde, a`sirese Xorezm oypatlıg`ında u`lken waqıya boldı. Bul Xorezm xalıqları ishinde orta a`sirdegi ha`m onnan son`g`ı da`wirlerdegi xalıqlar a`debiyatı menen ma`deniyatı da`stu`rlerinin` qaraqalpaq jerinde rawajlang`anlıg`ının` bir ko`rinimi ekenliginin` guwası edi.

Berdaq shayır bul a`sirde Xorezm xalıqlarının` Xorezm da`stanının`, son` qaraqalpaq xalqnin` tariyxın qaraqalpaqlar shejiresi jazdı. Solay etip, ol o`z zamanında xalqı ushın u`lken a`debiy, ma`deniy, tariyxıy jazba estelik jasadı. Bul qaraqalpaq usag`an bir xalıqtın` emes, al ol sol da`wirdegi pu`tkil turkiy xalıqlar a`debiyatına, ma`deniyatına, tariyxına qosılg`an u`lken u`les boldı.

Berdaq shayırdın` bul shıg`armaları waqtında o`z zamanının` u`lken a`jayıp do`retpeleri sıpatında elge, xalqqa jazba tu`rde taraldı. Jırawlar baqsılar a`sirese qıssaxanlar shayır do`retpelerin elden elge tarattı. Ko`binese Xorezm tariyxı Qaraqalpaqlar shejiresi elde ha`r bir u`ydin` milliy maqtanıshına, ruwxıy azıg`ına aylandı. XIX a`sirdin` aqırına kelip, Qorazbek qıssaxannın` qaraqalpaq xıssaxan shayırlar mektebinde Berdaq shayır do`retpelerin ka`tibler bir neshe nuskada qoldan ko`shirip kitap qılıp tu`plep, xalıqqa satıp turdı. Aqır ayag`ında bul jazba estelikler elimiz xalqımızg`a milliy miyras bolıp qaldı.

A) jazbda esteliklerdin` XX a`sirdegi tariyxıy ta`g`dirleri. XX a`sirdin` basındja qızıl imperiyanın` Orta Aziya xalıqların sonın` ishinde qaraqalpaqlardı da baslap alg`annan keyingi tiykarg`ı maqsetinin` birinshi basqıshı olardı qul qılıp uslap turıw, en` aqırında waqıtlardın` o`tiww menen tek g`ana kommunistlik ideya urına menen jasatıw ushın ilimi, pa`ni a`debiyatı, ko`rkem o`neri, u`rip-a`deti ma`deniyatı da`stu`rleri birigip qalg`an shıg`ıs ellerinen ja`ne de Qıtay, Indstan usag`an ullı ma`mleketlerden bo`liw jobasın a`melge asırıw edi. Orta Aziyada sovet hu`kimeti ornatıw menen qızıl imperiyanın` bul maqsetinin` birinshi basqıshı orınlandı.

Qızıl imperiyanın` sho`zlegen maqsetinin` ekinshi basqıshı bul xalıqlardın` uzaq a`sirlerden baslap qa`liplesken dinimen, iliminen, bulardın` ha`mmesinin` tiykarın quraytug`ın ilimli adamlarınan, u`rip-a`detlerinen, a`debiyatınan, ma`deniyatınan, tariyxınan ayırıw, solay etip qorqıtıw, zorlıq-zorabanlıq jol menen

eldi basqarıw, en` keminde 25-80 jılda eldi tolıq kommunistlik basqarıw sistemasına jetkeriw edi. Bul sovetlik siyasattın` en` tiykarg`ı maqsetindegi en` birinshilerden orınlawg`a tiyisli bag`darlarınan boldı.

Qızıl imperiya bul maqsetin orınlaw ushın Qaraqalpaqstanda sovet hu`kimetin ornatqannan keyin 1917-jıldın` aqırı 1918-jıldın` baslarında ko`p uzamay aq 1923-24 jılları a`weli awıllardag`ı mektep, meshit ha`m medireselerdi xalıqtan tartıp alıp, olardı dep skladlarına mal qoralarg`a aylandırdı. Olardın` geyparaların jan`adan ashılıp atırgan mekteplerge sovet mekteplerine alıp berdi. Usı jallardan baslap eldegi sawatlı adamlardı sovet hu`kimetinin` qararı menen jardan, suwdan mu`likten paydalana almaytug`ın, huqıqsız etip shekledi. Bul jıllarda bizin` el teptegis sawatlı edi.

1927-1928 jılları eldegi meshit, medireseler qıpqırıt qılındı. 1929-jıldan baslap eldegi sawatlı adamlardı «xalıq dushpanı» dep qamap sibir`ge su`rginge aydaw baslandı. Bul elge u`lken tariyxıy apatshılıq keltirdi. Ha`r bir u`yden qamalmag`an adam qalmadı. 1931-jıldan baslap eldegi adamlardın` u`yindegi, qollarındag`ı a`yyem zamanlardan saqlanıp kiyatırg`an ilimiy, a`debiy, ma`deniy jazba estelikler, ha`r qıylı jazbadag`ı nusqalar jıynap alındı. Olar quranba, xalıq da`stanı «G`a`rip ashıq», «Alpamıs pa» ertek, a`psana kitaplar ma, A`jiniyaz, Berdaq, Ku`nxoja shayırlardın` qol jazbaları ma ba`ri bir arab al`favitinde jazılg`an nusqa bolsa boldı, jıynap alındı yamasa o`rtep jiberildi. Meshit mediresedegi kitaplar belgisiz jaqlarg`a tasıp alındı. Ha`zirgi XXI a`sirdegi aldın`g`ı qatar ellerdegi siyasiy ja`ne de ma`deniy du`n`yanı sharıqlawshılarımızda o`tken a`sirlerdegi tsiviyalizatsiyanın` ta`g`dirleri haqqında to`mendegidey pikirlerdi aytadı. «XX a`sirdegi 80-jıllarındag`ı qızıl imperiyanın` basıp algan ellerindegi, a`sirese Orta Aziya usag`an Respublikalardag`ı jasawshı xalıklardın`, ol xalıqlardın` ata-babalarınan kiyatırg`an eski milliy jazba miyraslarına bolg`an jawızlıqlardın` baslı sebeplerin olar to`mendegidey jag`daylarg`a baylanıslı bolg`an edi dep ko`rsetedi: Sovet hu`kimeti 20-30 jıllarda sisat jag`ınan ku`shli bolg`anlıqları menen ekonomiyakalıq jaqtan ju`da` to`men el edi. Sonın` ushın olar bul jıllarda qa`rejet tabıwdın` jolların ko`p qarastırdı. Ol jıllarda sovet hu`kimeti

ha`zirgidey ekspert qılatug`ın nefti, gazı, temiri, ka`miri joq edi. Tap usı jıllarda Orta Aziya xalıqlarındag`ı a`jayıp eski qol jazbalarg`a, qızıq minotyuralıq buyımlarg`a jazılgan esteliklerge qa`legen evropa ma`mleketleri ha`zirgi neft` ha`m gazge go`zzallıg`ı menen tanılg`an zatlarg`a, olardı qımbat bahalarg`a esapsız-sansız pullarg`a, ha`tte altıng`a ten`ep alatug`ın da`wirleri edi. Bunı bilgen sovet hu`kimeti keleshekte bul Orta Aziyadag`ı milliy jazba estelik ha`m qımbat bahalı buyımlar o`zlerine de za`ru`r bolıp qalatug`ın bolsa da, olardı tayar pulg`a satıp qa`rejet toplawg`a kiristi. Bul jıllardag`ı Orta Aziyadag`ı esapsız-sanaqsız baylıqlar jan`a hu`kimetke onın` ekonomikasıe bekkemlewge ko`p a`jayıp payda keltirdi. Qızıl imperiyanın` bul islep atırg`an qımbat bahalı amortı a`jayıp siyasat astında o`tti dep ko`rsetip atır. Bularda ko`p ta`repinen shınlıqqa` jaqın versiyalar. Bul zorlıq, zorabanlıq xalıqtın` ruwxıy o`mirlerine adam balası shıdap bolmaslıq da`rejede ta`sir jasadı. Xalıq o`z ata-babalarınan qalg`an miyaraslardan ayrılg`ısı kelmedi. Olardın` qollarınan ken`es belsendileri zorlıq penen, yaki qorqıtıp tartıp islep atırg`an bul jawızlıqları menen tınbay, jasırıp gu`res apardı. O`z tariyxıy, a`debiy ma`deniy mu`liklerin, jazba esteliklerin joq qıldırmaw ushın esabın tawıp jasırıp, a`wlielerge aparıp, ko`mip tasladı. Ba`ri bir izlep tawıp, belsendiler olardı joq qıldı. Eldin` o`z jazba esteliklerin joq qıldırmaw ushın xılıq gu`reslerin ko`rgen hu`kimet, endi kimnin` u`yinen eskishe jazılg`an bir bet qag`az tabılsa, meyl iol jırtılıp tu`sip qalg`an kitaptın` betleri bolsa da sol xojalıqtın` adam «xalıq dushpanı» dep dag`azalandı. Ma`mleket bir bet eski nusqadag`ı qag`az shıqqan u`ydin` mal-mu`lkin qatladı. Erjetken ul-qızları bolsa, qamadı. Bul waqıyalardan qorqıp xalıq olardı hu`kimetke bergennen dep o`z u`ylerinde qol jazba esteliklerdi jerge ko`mdi. Adam barmaytug`ın jaqlarg`a aparıp tasladı. A`wliyelerge adam kelmes dep, yamasa ko`rgen menen de ol jerden qorqıp ala almas dep ashıq ja`birlerge tasladı. Ko`pleri o`zleri u`yinde o`rtedi. 1934-35 jıllardag`ı mag`lıwmatlar boyınsha elde, adamlardın` u`ylerinde ha`tte eski nuskadan bir bet qag`az qalmadı. Usı jılları sovet hu`kimetin xalıqtın` jazba mu`lkine bolg`an jawızlıqları aqıbetinde Berdaq shayırdın` da qol jazbaları jazba nusqaları eldegi saqlanıp ju`rgen, qıssaxanlardag`ı basqa jazba a`debiy baylıqlardja nabıt boldı.

Mine, ha`zirgi shekem bizin` geypara ilimpazlarımızdın` o`z miynetlerinde «bizge ha`zirge shekem Berdaq shayırdın` o`zi do`retken qol jazbası, jazba miyrasları kelip jetpedi» dep baqırıwlarının` sebepleri usında edi.

Al, nege kelip jetpedi? Bul ma`seleni de, onın` sebeplerinde ha`zirge shekem hesh kim ashıq aydın usınday qılıp ayta almadı. Bizin` ha`zirgi da`wirimiz o`tkendegi xalıq o`mirlerindegi bolg`an usınday qızıl imperiya zamanındag`ı jawızlıqlardı tolıq aytıwg`a, son`g`ı a`wladlarımızg`a bul haqıyqatlıqlardı jetkeriwge mu`mkinshilikler jarattı. Ja`ne de bul elge, xalıqqa islenip atırg`an azaplarg`a qosımsha 1920-jıllardın` ortalıranan baspa meshit, medireleselrdi sovet belsendiler qıyrattı. Jazba esteliklerdi jıynap, o`rtep saplastırıp bolg`an menen qızıl imperiyadag`ı endigi joba kelesi 15-20 jıldan keyin ulıwma elden jazba estelik-miyraslar tabıla qalg`an jag`daylarda da, onı oqıytug`ın a`wladlardın` bolmawının` ila`jin ko`riwden ibarat boldı. Solay etip 1926-jılı Baku qalasında «Orta Aziyadag`ı xalıqlar du`n`ya jan`alıqlarınan bos qalg`an xalıq, sonın` ushın olardı arab al`favitinnen latın jazıwına o`tkeriw kerek» delinip bul jo`ninde qarar qabıl etildi.

1928-jıldan baslap elde jazıw ma`deniyatı latın al`fatinine ko`shirildi. Mektepler jan`a grafikada jazıwg`a ha`m oqıwg`a o`tti. 1920-30 jıllarda Rossiya aymag`ında ornag`an Sovet ma`mleketine mayda milletlerdin` joq bolıp ketiwge qarag`anlıg`ı jo`ninde sırt ellerde ko`p ayanıshlı xabarlar tarqalıp atır.

1926-28 jılları «Qaraqalpaqlar o`z aldına millet emes! Al, qaraqalpaq tili barma joqpa? ja`ne de olar qazaqlardın` bir tayıpası, sonın` ushın olarg`a anna tilinde mektepler ashıp beriwdin` za`ru`rligi joq»-degen aytımlarga elge, xalıqqa biraz zıyan keltirgenligi so`zsiz. Ja`ne de qaraqalpaqlardın` o`zlerin o`zleri basqarıw erkinen ayrılıp, ga` Qazaqstang`a, ga` Rossiyag`a qosılıwları xalıqtın` turaqlı tariyxıy ha`m ekonomikalıq rawajlanıwlarına jaman ta`sirlerin tiygizdi. Onın` u`stine 1930-1937 jılları Qaraqalpaqstandag`ı aldın`g`ı qatar azamatlar Q.A`wezov, I.Fazılov ha`m t.b ko`p xalıq zıyalıların «Xalıq dushpanı» degen jala jabılıp, geyparaları qamaldı ko`pleri atıp taslandı.

1929-jılı sovet hu`kimeti bay bolıs, biy bolg`anlardı, Iyshan ulama, mola maqsım bolg`an eski zıyalılardı qulaq dep olarodı klass retinde saplastıra basladı.

Bul jıllarda kolxozlasıw siyasatın baslap, 1984-jılı «SSSR da sotsializm barlıq front boyınsha jen`di» dep shawqım su`renler salg`anlıqları menen a`debiy, ma`deniy, frontlarda eldin` ruwxıy qu`diretlilikleri pu`tkilley joq bolıp qalg`an edi. Eldin` burıng`ı tariyxıy, a`debiy, ma`deniy ha`tte ekonomikalıq, ja`myietlik da`stu`rlerinen paydalanılmay qurılıp atırgan sotsiyalizm jalan`ash qara u`yge usag`an edi. Barlıq eller boyınsha neshshe a`sirlik xalıqtın` da`stu`rlerine, eski u`lgilerge qaramasa bolmaytug`ınlıg`ı belgili bolıp turdı.

Elde 1980-jılları ashlıq, awırshılıq ku`sheydi. Xalıq ju`da` azaplanıp xorlandı. A`sirese qaraqalpaq usag`an mayda milletler joq bolıwg`a keldi. Qaraqalpaqstan hu`kimetinin` basshıları 1980-jılı sovet hu`kimetinin` basshılarına xatlar jollap, olarda qaraqalpaqtın` o`z aldına millet ekenligin sotsializm tusında u`lken eller aldında xorlang`anlıg`ın ko`rsetip, bul xalıqtın` bay tariyxqa iye xalıq ekenligin, eger ilajı bolsa, Orta Aziya xalıqlarının` ishinde qaraqalpaqlardın` tariyxın jazıwg`a ja`rdemlesiwdi etindi. Sovet hu`kimeti bul mashqalalarg`a ha`r ta`repleme qarap 1930-jıldan baslap SSSR Ilimler Akademiyasına tapsırma berdi.

Qaraqalpaq xalqının` tariyxı, a`debiy, ma`deniy miyraslardı qalay jıynaldı?

Ha`zirge shekem ilimiy miynetlerde 1930-jılı Qaraqalpaqlar Rossiya federativlik Sovet sotsialistlik respublikasına qosılıp, baqıtı ashılıp qaldı. 1930-jıllardan orıs ilimpazları o`z erki menen Qaraqalpaqstang`a kelip, tariyxıy etnografiyalıq, a`debiy fol`klorlıq ha`m lingivistikalıq ekspeditsiyalardı sho`lkemlestirdi ha`m basqarıp bardı. Na`tiyjede ju`da` ko`p tariyxıy, a`debiy, ma`deniy miyraslar jıynalıp qalıwg`ada sebep boldı dep jazılg`an. Bul miynetler ol waqıyalardag`ı haqıyqatlıqlardı durıs jaza almag`an. Ol waqıtlarda orıs ilimpazlarının` yamasa orıs xaln` ullılıg`ın ha`m basqa xalıqlarg`a ja`rdem bergen ja`ne de kele qılg`an xalıq dep aytpasa bolmaytug`ın waqıtlar edi. Ja`ne de bul ga`pler ol zamanlardag`ı ha`m son`g`ı kommunistlik ideyag`a qulshılıq qılıp aytılg`an, ko`p a`wladlardı jan`ılıstırıp kelgen pikirler boldı. Jasırıwdın` keregi joq, sovet da`wirinde ilimpazlar usılayınsha jazıwg`a ma`jbu`r edi.

Haqıyqatında bul tariyx qalay bolg`an edi?

1930-jılı Sovet hu`kimetinin` basshılıg`ına qaraqalpaqstan hu`kimeti

basshgıları ta`repinen qol qoyılg`an o`tinishtin` unamlı shıshılıwı kerekligi SSSR Ilimler Akademiyasına tapsırılg`an ku`nnen baslap aq orıs ilimpazları jumısqa erisken edi. ma`selen 1930-jıldın` o`zinde aq usı joqarıdag`ı ma`selege baylanısalı qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı tariyxıy fol`klorlıq miyraslarına bir qatar tariyxshı, tilshi, a`debiyatshı, ilimpazlardın` kewilleri awdarıldı. Olardan S.E.Madov, N.A.Baskakov, A.Vorovkov ha`m t.b da adamlar qaraqalpaq tilinin` ahwalın ko`riw ushın qaraqalpaq jerine keldi. Durıs orıs ilimiy ja`miyetshiliginin` geypara adamları qaraqalpaq diyarı menen erterekten aq tanıs edi. Biraq bul saparg`ıday olar qaraqalpaq tili iliminin` ma`selelerin izertlewge kelmegen. Ma`selen A.N.Baskakov bul haqqında eske tu`sriwlerinin` birinde «Mende 1926,28,29-jılları qaraqalpaqlar arasında ju`rgeniimzde ha`zirgidey dislektologiyalıq emes, al ko`birek etnografiyalıq maqsetke kelgen edim»-dep ko`rsetedi.

Al 1932-jılı SSSR Ilimler Akademiyasının` shıg`ıstı tanıw institutı akademik A.E.Samoylovishtin` basshılıg`ında qaraqalpaqlar tariyxın jazıw ushın material jıynawg`a arnawlı ilimpazlar brigadasın sho`lkemlestirdi. Ma`selen A.I.Ponomarev basqarg`an bir topar ilimpazlar qaraqalpaqlardın` burıng`ı Rossiya menen qatnası da`wirlerindegi tariyxıy ha`r qıylı aktler. Gramotalar, qararlar, buyrıqlar, tapsırmalar, xasarlar h.t.b lardı jıynawg`a kirisedi.

Ekinshi topar tariyxshılar XIX a`sirdin` u`shinshi sheregindegi Xiywa tariyxshıları Munis ha`m Ogahiy ta`repinen jazılg`an qaraqalpaqlar haqqındag`ı dereklerdi jıynawg`a kirisedi. Bul qaraqalpaqlardın` XVIII a`sirdegi tariyxın o`z ishine aladı.

U`shinshi topar tariyxshılar qaraqalpaqlarg`a tiyisli bolg`an Astraxan` arxivindegi materiallardı jıynawg`a kirsedi.

To`rtinshi topar tariyxshılar XVIII-XIX a`sirlerdegi qaraqallardın` eski turmısları jo`nindegi jazılg`an materiallardı o`zlestiriwge kirisedi.

Besinshi topar tariyxshılar ha`r qıylı kotegoriyadag`ı Buxara, Xoqan xanları da`wirlerindegi arabsha, parsısha, jazılıwlardag`ı qalg`an qaraqalpaqlar haqqındag`ı materiallardı, eske tu`siriwlerdi a`sirese jergilikli avtorlardın` jazg`an materialların qarastırıw tapsırıladı.

SSSR Ilimler Akademiyası shıg`ıstı tanıw institutının` tariyxshı ilimpazları ta`repinen qaraqalpaq xalqının` tariyxın jazıw ushın bolg`an belsendi ha`reketleri da`wirlerinde tariyx ushın qaraqalpaq etnografiyası, fol`klorı, tili ha`m a`debiyatı ushında materiallar za`ru`r bolıp qaladı. Sonın` ushın qaraqalpaqlar jerinde de 1930-jıllardan baslap orıs ilimpazları basqarg`an tariyxıy-etnografiyalıq, ingivistikalıq ja`ne de a`debiy fol`klorlıq ekspeditsiyalar belsendi ha`reket etedi. Na`tiyjede qaraqalpaqlar tariyxı, etnografiyası, lingivishtikası ha`m fol`klorı ja`ne de a`debiyatı boyınsha da ko`p-ko`p materiallar jıynaladı. Orıs ilimpazları bul jıllarda o`mirinde de o`z erikleri menen qaraqalpaqlar jerine olardı qayg`ırıp kelmegen edi. Olar u`lken zorlıqqa ushırap, ma`mlekettin` ma`jbu`rlewi menen g`ana barg`an edi. Ilimpazlar qaraqalpaq jerlerinde jergilikli xalıqtın` tariyxın, etnografiyasın, a`debiy fol`klorlıq ha`m lingi vistikalıq materiallardı jıynawdın` qattı qıyın ekenligin biletug`ın edi. Birinshiden bul materiallardı awılma-awıl, jabılatug`ın, atlı eshekli tu`yeli ju`rip jıynalatug`ınlıg`ın, ekinshiden qaraqalpaqlardın` sawatlı tariyxıy, fol`klorg`a, a`debiyatqa, ko`rkem o`nerge, ma`deniyatqa bay xalıq ekenliklerin biledi. U`shinshiden jergilikli xalıqlar menen ol ilimpazlar o`zleri tikkeley so`ylese almaytug`ınlıg`ın anıq an`laydı. Onın` u`stine qaraqalpaqlarda olarg`a hesh na`rse aytpaytug`ında, ko`rsetpeytug`ınlıg`ın biledi. Sebebi bul xalıq ju`da` jan`a hu`kimetten aldangan xalıq edi. To`rtinshiden bul xalıqtın` ilim ma`skanları bolg`an meshit, medireselerin haqqında g`ana Sovet belsendi ler qıyratıp, sawatlı adamların qamap, sibir`lerge su`rginge aydap joq etken edi. Orıslar bul xalıqtın` tariyxıy, a`debiy, ma`deniy esteliklerin, ilim ma`skanların qıyratıp joq qılg`anlıqların ko`rip otırdı. Bilip otırdı. Sol sebepli orıs ilimpazları bul xalıqlarg`a abaylap qatnas jasaw kerek dep oylaytug`ın edi. Biraq sog`an qarmastan, ilajsız ma`mleketlik tapsırmalar menen bul elge keliwge olar ma`jbu`r bolıp qaldı.

Joqarı lawazımlı adamlar usınday qıyın jag`daylardı esapqa alg`an, ja`ne de xalıqtın` qarsılıg`ın shıgarıp almay, tınıshlandırıwdı na`zerde tutqan bolıwları kerek, ma`selen ekspeditsiya da`wirlerinde aldap jıynalg`an tariyxıy etnografiyalıq, lingivistikalıq, a`debiy fol`klorlıq materiallardı Moskva, Leningradqa alıp ketpey,

olardı Qaraqalpaqstannın` o`zinde saqlap, u`yrenip, izertlep, juwmag`ın shıgw lazım degen pikirge keledi. Solay etip 1930-jılı xalıqtın` ko`z aldında 1931-jılı Qaraqalpaq u`lke tanıw muzeyi, 1931-jılı Qaraqalpaqstan kompleksi ilim-izertlew institutı 1934-jılı Qaraqalpaq pedagogikalıq institutının` ashılmag`ınlıg`ı ja`riyalandı. Baspa so`z quralları arqalı sovet belsendileri «Leningrad ha`m Moskvadan qaraqalpaqqa orıs ilimpazların o`zleri kelip ja`rdem qolların sozıp atır» degen qa`lpeki ga`plerdi mın` reet qubıltıp Qaraqalpaqstannın` awıl qalalarına taratıp attı.

1930-37 jılları Qaraqalpaqstan aymag`ında xalıqtın` ruwxıy baylıg`ın izlegen ekspeditsiyalardı orıs ilimpazları basqardı. Olar jergilikli tillerdi bilmeytug`ın edi.

Elden tariyxıy etnografiyalıq, fol`klorlıq ja`ne de a`debiy lingivistikalıq materiallardı jıynawdın` xarakterleri qanday boldı. Orıs ilimpazları u`yme-u`y ju`rip, adamlar menen so`ylesiw eski miyraslardı jıynaw ushın jergilikli tildi bilmegenlikten, olar ha`r ekspeditsiyada sol jıllardag`ı pedagogikalıq ha`m a`wıl xojalıg`ı texnikumların pitkergen, orta mag`lıwmatlı qaraqalpaq jas jigitlerin kishi ilimiy xızmetker yamasa laborant degen lawazımda o`zlerine jumısqa qabıl etip, olardı o`zleri menen alıp ju`rdi. Haqıyqatında orıslar elden materiallardı solarg`a jıynattı. Ol jılları bunday ekspeditsiyag`a O.Kujurov, Q.Ayımbetov, Eraliev, Seytimbetov, Ayteshov, A.Begimov, J.Aymurzaev, A.Ibadullaev t.b usag`an ko`p qaraqalpaq jigitleri qatnastı. Tiykarınan elden tariyxıy etnografiyalıq, amigivistikalıq, a`debiy, folklorlıq materiallar. Sol waqıtlardag`ı ilimler Akademiyasının` xabarshı ag`zası S.E.Malov ta 1930-jılı qaraqalpaq tilin u`yreniw boyınsha bolg`an o`zinin` saparı tuwralı «Qaraqalpaq tili boyınsha u`lken bahalı jumıslardı bizler jergilikli xalıqlardın` o`zlerinin` ku`sh salıwları arqalı apardıq. Ma`selen, bizlerge bul iste Baqiev, Ayımbetov, Eralı ulı Seytmuratov, Ayteshov, Ibadullaev ha`m basqalarda ko`p ja`rdem etti»-dep jazadı. Ayta keterlik bir jeri, eldegi qa`legen tariyxıy, a`debiy fol`klorlıq miyraslar jıynalda bermedi. Qanday bahalı material bolsa da, ma`selen tariyxqa ma, etnografiyag`a ma, fol`klorg`a, a`debiyatqa ma ol tek proletar revolyutsiyasının` talabına, SSSR da sotsializm qurılısına juwap beredi degenleri g`ana itibarga alınıp jıynaldı. Bul reje orıs

ilimpazları ta`repinen qattı qadag`alanıp barıldı. Ma`selen, qaraqalpaq fol`klorı, klassikasının` a`debiyatı boyınsha xanlardı, baylardı, ha`meldarlardı jazıp alıwg`a tıyım salındı. Meshit, medireselerde oqıg`an eskishe sawatı bar shayırlar jazg`an qosıqlarg`a olardın` bası aylanbadı. Eger jarlını maqtag`an, iyshan mollalardı qa`remetlegen, ha`meldarlardı jamanlag`an shıg`armalar birinshi na`wbette jazıp alındı. Sawatsız xalıq shayırlarının` shıg`armaları da solar qatarına ketti.

Materiallar jıynasqan qaraqalpaq jigitlerinin` barlıg`ı da sovet hu`kimetinin` tusında balalar u`yinde ta`rbiyalag`an sol jıllarda, u`loken belsendilik etip ju`rgen, kommunistlik siyasattan basqanı tın`lamaytug`ın, moyınlamaytug`ın jaslar edi. Sol sebepli 1931-35 jıllarda qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı ju`rgizilgen barlıq ekspeditsiyalar da`wirlerinde Xorezm tsivilizatsiyasının`, xanlardın`, xalıqlıq shejireslerdin`, medireleselrdin` tariyxı, axun ulamalar haqqında ma`limlemeler, ma`mleketlik jer, waqım jerlerdin` tariyxı eldegi burın jasap o`tken nayıp, atalıq, bolıs biyler haqqındag`ı mag`lıwmatlar, awıllar, a`wlieler jo`nindegi tariyx ha`m a`psanalar jazıp alınbaydı. Bular haqqındag`ı bar bay materiallardı jazıp alıwg`a mudamı qadag`an etip bardı. Ja`ne de sawatlı medirese pitkergen Qulmurat shayır, A`bdiqadir shayır, Qazı Ma`wlik, Molla Sadabula, Mola Shaydayım usag`an neshshe ju`zlegen ullı-ullı shayrılardın` do`retpeleri na`zerden shette qaldı. Fol`klorshılar XIX a`sirdin` aqırındag`ı XX a`sirdin` aqırındag`ı XX a`sirdin` basındag`ı du`n`ya tariyxı, a`debiyatı, ma`deniyatı miyrasların qaraqalpaqshalap xalıqqa taratqan qıssaxan shayrılar mekteplerinin` bay tariyxına qızıqsınbadı. Elge ko`p taralgan xalıq kitapların pesent etpedi. Biraq «Qaraqalpaqlar tariyxı» etnografiyası, tili ha`m a`debiyatı, fol`klorı haqqında elde ekspeditsiya tabıslı islep atır» degen olardın` dawrıqları bul jıllarda jer jarıp attı.

Soley etip, bul jıllarda xalıqtın` tiline, a`debiyatına, ma`deniyatına baylanıslı materiallardı orıs ilimpazlarının` qadag`alawında jergilikli qaraqalpaqlardın` o`zleri jıynadı. Bul jıllarda elden, a`debiy ma`deniy miyraslardı jınawda, olardı sistemalastırıwda baspag`a tayarlawda ilimiy xızmetkerlerden O. Kujurov, K.Ayımbetovlardın` xızmetleri ullı bolg`anlıg`ı so`zsiz.

1934-1936 jıllardag`ı elden jıynalg`an a`debiy, fol`klorlıq miyraslardın`

ishinde en` ko`bi ha`m kewil awdararlıg`ı Berdaq shayırdın` do`retpeleri boldı. Sebebi, qıssaxanlardın` qol jazbalarında eldegi jazba baylıqtı, Berdaqtın` shıgarmaları ko`p edi.

1930-1934 jıllarda eldegi ju`rgizgen ekspeditsiyalar jazba dereklerden emes, al xalıq awzınan eske tu`smriwler boyınsha jazıw jumısların ju`rgizgen edi. Sol sebepli bul jıllarda elden kerekli ko`p materiallar jıynalmay qaldı, Al 1984-jıldan baslap a`debiy fol`klorlıq miyraslar xalıqtın` zorabanlıq jıllarda eplep jasırıp saqlap qalg`an jazba derekleri esabınan tolıqtırıla basladı. Olardın` ko`bisi sawatlı qıssaxanlarda edi. Bul jıldag`ı shayırdın` u`lken kishi shıgarmaları uslayınsha jazıp alındı.

Durıs, 1934-1936 jıllarda sovet hu`kimetine xalıqtın` o`tkendegi xalıqlıq a`debiy miyrasları endi kerek bolıp qalıptı-degenge ko`p waqıtlarg`a shekem elde adamlar isenbedi da. Son`-son` bul ga`plerge kelip, xalıq u`lken miyraslardı ko`mgen jasırıp tıg`ıp qoygan jerlerinen alıp ko`rsete basladı. Al elde hu`kimetten jasırıp, ko`mgen esapsız sansız xalıq milliy ma`deniy mu`lkin o`mir boyına sovet hu`kimetine isenbey, ayıtpay ko`rsetpey ketkenleride ko`p boldı.

Bul jıllarda Berdaq shayırdın` a`debiy jazba miyraslarının` ko`pligi, onın` do`retpeleri XIX a`sirdin` aqırında Qorazbek qıssaxanlar mektebi ta`repinen qayta-qayta qoldan ko`shirilip, kitap qılıp elge ken` taralg`an edi. A`sirese Berdaq shayırdın` Xorezm tariyxı qaraqalpaqlar tariyxı haqqında jazg`anları eger tyurkologiya ilimiinde Abulg`azı Bahadırdın` «Shejireyiy terakume», «Turkler shejiresi» XVII a`sirdegi turkiy xalıqlar jazba esteligine qosılg`an u`lken miyras dep esaplanatug`ın bolsa, onda Berdaq shayırdın` da bul miynetleri tek qaraqalpaq xalqı ushın g`ana emes, al ulıwma XIX a`sirdegi turkiy xalıqlar tariyxına qosılg`an bulda u`lken biybaha baylıq bolıp esaplanatug`ınlıg`ı so`zsiz. Onın` basqa shıgarmaların aytpag`anda usı eki miynetinin` o`zi aq bir adamnın` o`miri ushın jetkilikli. Jazaba ma`deniyatqa qosılg`an dunya ju`zlik a`hmiyetke iye dereklerden biri edi. Rasında da Berdaq shayırdın` ko`p sandag`ı lirikalıq shıg`armaları, jazba da`stanlıq shıg`armaları elde xalıq qa`dirlegen o`z zamanının` u`lken jazba esteligi bolıp esaplanadı.

1937-1940 jıllarg`a kelip, xalıq shayırının` ha`mme do`retpeleri xalıq awzınan emes, al meshitlerde jasırılıp saqlang`an, a`wliyelernge xalıq qorqıp aparılıp taslang`an kitaplardın` ishlerinen adamlar qa`sterlep ko`milgen qol jazbalardın` ishlerinen, ko`bisi eldegi jasap turg`an qıssaxanlardın` qol jazbalarınan ko`shirilip alındı. Sog`an qaramastan 30-jıllardag`ı ju`rgizilip atırg`an zorabanlıq siyasatqa baylanıslı Jazba dereklerden dep aytılmastan, sol da`wirdegi tabılgan Berdaq shayırdın` shıgları elden, xalıq awzınan jazıp alındı dep baspa so`zde dag`azalap turdı. Sebebi 1930-1933 jıllarda ma`mleketke Eski qol jazba miyraslar kitaplar elden jıynap  alınıp bolındı degen esap mag`lıwmatlar berilgen edi. Ulıwma jazba dereklerden emes, al awızdan jazıp alındı degen mag`lıwmatlar qaysı waqıtlarda da Berdaq shayır miyraslarının` qunın kemitetug`ın bolsa da, o`nkendegi milliy xalıq ma`deniy mu`mkinshiligi bolg`ansha baspa so`zde ken` dag`azalaw maqsetinde Berdaq shayır shıg`armaları elden, xalıqtın` awzınan jazıp alınıp atır degen sıltawdı ko`p da`bdebege aylandırdı. Bolmasa Berdaq shayırdın` miyrasların qol jazbadan alındı dep ol jıllarda baspa so`zde dag`azalaw mu`mkin emes edi. Irasın aytıw kerke bunday bizdegi milliy ma`deniy miyrastı jıynaw usılları tek bir Berdaq shayırdın` do`retpelerine g`ana emes, al ha`mme shayırlardın` shıgarmalarıda qollanılg`an edi.

Berdaq shayır do`retpeleri tiykarınan 1980-jıllardın` ekinshi yarımlarınan baslap baspa so`zde ko`p ja`riyalana basladı. En` da`slep «Qaraqalpaq a`debiyatı ha`m iskusstvosı» jurnallarında, 1940-jılı «Qaraqalpaq xalıq tvorshestvosı» degen kitapta, son` «Qaraqalpaq awız a`debiyatının` tu`rleri» degen eki tomlıqtın` ekinshi kitabında, onnan keyin 1941-jılı Berdaq shayır ıshgarmalarının` tolıq jıynag`ında baspadan shıqtı. Bul o`tken a`sirimizdegi jasap elge, xalıqqa do`retiwshilik jaqtan xızmet ko`rsetken a`jayıp adamlarımızdın` miyrasların qayta tiklewde a`debiyat tariyxındag`ı ten`i joq u`lken a`debiy qubılıs boldı. Ja`ne de adamlarda o`tkendegi milliy xalıq ma`deniy mu`lkin ele de qayta tiklewge de boladı eken degen isenim payda boldı.

Bunnan keyin 1950-jıldan baslap tag`ı Berdaq shayırdın` tan`lawlı shıg`armalırının` tolıq jıynag`ı, 1956-jılı Berdaqtın` tan`lawlı shıg`armalarının`

tolıq jıynag`ı, onnan keyin 1977-jılı, 1977-jılı, 1987-1997 jılları Berdaq shayırdın` tan`lawlı shıgarmalarının` tolıq jıynaqları baspadan shıqtı. Bul da`wirler ishinde Berdaq shayırdın` tan`lawlı shıg`armaları orıs, o`zbek, qazaq, qırg`ız, tu`rkmen, tatar xalıqlarının` tillerinde bir neshe ma`rtebe baspa so`zde ja`riyalandı. Berdaq shayır shıg`armaları son`g`ı jılları xalıq aralıq ko`lemde tu`rk xalıqlarının` o`tkendegi u`lken jazba esteligi sıpatında da qa`dirlenip u`yrenile basladı. Anglishan nemets tillerinde de ilimiy izertlew ob`ektine aylana basladı.

## II BAP. Berdaq shayır do`retiwshiliginde payda bolg`an jazba da`stanlıq shıg`armalar

Berdaq G`arg`abay ulı XIX a`sirdegi Qaraqalpaq klassik a`debiyatının` tiykarın salıwshılardın` biri. Ol pu`tkil o`mirin ha`m do`retiwshilik xızmetlerin birinshi na`wbette qaraqalpaq xalqının`, sonın` menen birge pu`tkil insaniyattın` baxıt-saadatı ushın gu`reske bag`ıshlanadı.

Berdaq shayırdın` bizge qaldırg`an biybaha miyrası XIX a`sirdegi ja`miyetlik tariyxıınn` bir bo`limi, millet ma`deniyatının` tariyxıy jazba estelik bolıp ta qaldı. Onın` bul shıg`armaları arqalı biz Berdaq shayır do`retiwshiligindengi feodallıq patrioxarlıq a`sir sharayatta ju`zege keltirgen tariyxıy sotsiallıq qarama-qarsılıqlardın` sebeplerin de anıq ko`remiz.[4] Berdaq shayır ko`p sanlı lirikalıq shıg`armalar jazıw menen qatar XIX a`sirde milliy qaraqalpaq a`debiyatında o`zinin` a`jayıp do`retishiwlik, orginallıg`ı ko`rkem so`zge sheberliginin` ku`ni ha`m haqıyqatlıg`ı menen ken` polotnadag`ı, keskin konfliktli jazba da`stanlıq shıg`armalarda alıp keldi.

Ol XIX a`sirde Xorezm, Shejire, Amageldi, Aydos baba, Ernazar biy usag`an tariyxıy da`stanları menen ma`deniyatımızda ten`i tayı joq u`lken jazba estelikler jarattı.

Berdaq shayır qa`lemi arqalı qaraqalpaq xalqı birinshi ma`rtebe Xorezm tariyxın, o`z xalqının` tariyxı Aqmaq patsha, Erkebay, Rawshan usag`an ko`rkem da`stanlıq shıg`armalardın` da avtorı.

Shayırdın` da`stanlıq shıg`armaların oqıg`anımızda onın` o`z zamanda talantlı, birinshi na`wbette bilimdanlıg`ı arqalı milliy do`retiwshiliginin` barlıq qu`diretliligin o`zine bag`ındırg`an ha`m onda erkin qa`lem terbetken adam ekenligi, do`retiwshiliginin` kem-kem bayıp, kem-kem ken`eyip, ideyalıq ko`r-qaraslı mudamı teren`lesip ha`m o`tkirlesip, du`n`yanı ko`rkemlik jaqtan tanıw ja`n de ulıwmalastırıw printsiplerinin` kem-kem jetilisip bargan o`z da`wirinin` aldag`ı qatardag`ı xızmetlerinen biri bolıp o`tkenligi ko`rinip turadı.

**4.A`.Paxratdinov. «Berdaq shayırdın` ko`rkemlik du`n`yası» No`kis. Qaraqalpaqstan 3-bet 2007-j.**

XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı Berdaq shayır do`retiwshiligi arqalı milliy jazba da`stanlıq shıg`armalar menen bayıdı. Shayır bul a`sirde a`debiyatqa jazba jetilisken da`stanlıq shıg`armalardı qop berdi. Onın` da`stanlıq shıg`armalar dep, ekinshisin, ko`rkem polotnadag`ı jazba da`stanlıq shıg`armalarına; Xorezm, Shejire, Amangeldi, Aydos biy, Ernazar biy da`stanlıq shıg`armaları kiredi.

Al, a`debiy ko`rkem jazba da`stanlıq shıgarmalarına Aqmaq patsha,Erkebay, Ra`wshan, atlı da`stanlıq shıg`armaları kiredi.

Berdaq shayır ta`repinen do`regen bul da`stanlıq shıg`armalar bir avtor ta`repinen qurı jazılıp qalg`an u`lken bir shıg`armalar emes. Birinshiden ha`r qanday do`retiwshilik maqsetsiz do`retilmeydi.

Ekinshiden bulardın` barlıg`ı Berdaq shayır jasag`an zamandag`ı qaraqalpaq xalqının` tariyxıy, siyasiy, ja`miyetlik o`mirinin` talap etken zakazı menen jazılgan keskin konfliktli da`stanlıq shıg`armalar.

Shayırdın` bizge jetip kelgen barlıq do`retpelerinin` bag`ıtı, mazmunı, a`sirese usılardın` ishinde avtordın` a`jayıp da`stanlıq shıg`armaları haqqında hesh qanday oylanıp otırıwdın` keregi joq. Berdaq shayırdın` o`z da`wirinin` sawatlı, oqımıslı, talantlı ha`m u`lken ta`jiriybeli adamı bolıp o`tkenliginen da`lalat beredi. Ol o`zine shekemgi jasap o`tken turkiy xalıqlardın` ja`miyetlik tariyxı menen do`retiwshiliktegi bay ta`jiriybelerdi jetik u`yrengen, iyelegen xa`m sol da`stu`rlerde ta`rbiyalang`an adam bolg`an. Sol sebepli de ol son`g`ı a`wladlar ushın o`zine ha`m xalqına u`lken estelikler tiklep etiwdi maqset etken.

Sonlıqtan da Berdaq shayır ta`repinen XIX a`sirdegi do`regen tariyxıy dokumentallıq shıg`armalardı ko`rip otırıp oqıp u`yrenip otırıp shayırdın` o`zi milliy qaraqalpaq a`debiyatının` rawajlanıwında pu`tin bir da`wir ekenliginde ko`rsetedi. XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyatında da`stanlıq shıg`armalardın` payda bolıwının` o`zi onın` rawajlanıw a`hmiyetliginen tısqarı bul a`sirde poeziya menen xalıq tariyxı Xorezm, Amangeldi, Aydos baba, Ernazar biy, usag`an tariyxıy hu`jjetlik rawajlang`an jazba da`stanlıq shıg`armalardın` jazıla baslawı milliy a`debiyatta ju`da` u`lken tariyxıy waqıya boldı. Demek, bul a`sirde qaraqalpaq a`debiyatında realistlik tendentsiyalardın` teren`leskenliginin`,

rawajlang`anlıg`ının` ha`tte qa`lipleskenliginin`de guwası bolamız. Ja`ne de bul qaraqalpaq milliy jazba a`debiyatının` ko`p a`sirlerden berli bay a`debiy tariyxqa ha`m da`stu`rlerge iye a`debiyat ekenligin ko`rsetedi.

Berdaqtı izertlewshi geypara ilimpazlar shayırdın` «Kulen bolıs» shıg`armasında da`stanlıq shıg`arma dep esaplang`an. Bul shıg`arma u`stinde shayır kontseptsiyasına ko`p adamlardın` tolıq tu`sinbegenligi sebepli bul shıg`armanı elden jazıp alıwda, tolıq baspada bastırıp shıg`arıw ma`selelerine de waqtında kewil bo`linbey qaldı. Sol sebepli onın` da`stanlıq shıg`armalıq qunlıg`ı da jog`alıp qaldı. Mu`mknn 20-30 jıllarda milliy a`debiyat tariyxın izertlegen ilimpazlar bul ma`selelerdi biletug`ın da shıg`ar. Sebebi Berdaq shayırdın` bul tek bir shıg`armasında g`ana emes, al ko`p shıg`armalarına tu`sinbewshilikten bunday jag`daylar a`debiyat tariyxında ko`p boldı.[5]

Berdaq shayırdı izertlemegen alım-ilimpazlar bolmasa kerek. Sebebi onın` shıg`armaların xalık awızınan jazıp alıp olardı xalıq na`zerine usıng`an.

Bul kitaplarda Berdaqtın` a`debiyat miyrasları ken`, teren` ha`r ta`repleme so`z etiledi. Biraq bugan qarap bul atalıng`an kitaplarda Berdaq miyrasları tolıq u`yrneilgen dep aytıwg`a haslan bolmaydı. O`ytkeni Berdaqtın` bir neshe iri da`stanları ju`zege shamalas qosıqlar bar, bularda o`mir tirishiligindegi ha`r qıylı baslı ma`seleler ko`rkem su`wretlenilgen. Sonlıqtan da Berdaqtın` har bir da`stanlıq shıg`arması o`z aldına arnawlı monografiyalıq izertlewge turarlıq. Bul tarawdı birinshi bolıp iygilikli is islegen Aydar Murtazaev ekenligin aytıwımız orınlı. Ol Berdaqtın` Aqmaq paytsha da`stanın 1964-jılı kandidatlıq dissertatsiyalıq teme etip alıp, bul shıg`arma boyınsha u`sh ju`z betlik jumıs jazdı. Onın` qısqartılg`an nusqasın Berdaqtın` «Aqmaq patsha» poeması degen atama menen 1979-jılı o`z aldına jeke kitap qılıp «Qaraqalpaqstan» baspasınan bastırıp shıgardı. Bul Berdaqtın` ha`r bir jeke shıg`armasın arnawlı izertlewdegi birinshi ko`lemli jumıs edi. Usı kitap jarıqqa shıgaman degenshe shayırdın` Aqmaq patsha da`stanında ko`terilgen ma`seleler boyınsha ha`r qıylı, geyde bir birlerine qarma-qarsı pikirler baspa so`z betlerinde ja`riyalanıp ju`rilgen edi.

**5. .A`.Paxratdinov. «Berdaq shayırdın` ko`rkemlik du`n`yası» No`kis. Qaraqalpaqstan 60-bet 2007-j.**

A.Murtazaev kitabının` «Kirisiw» ha`m «Aqmaqpatsha» nı u`yreniw-dep atalıng`an birinshi babında Berdaqtın` so`z etilip atırg`an da`stanı tuwralı usı o`zine shekemgi aytılg`an pikirlerdin` jetiskenlik kemshilik jaqlarına a`dil baha bul bilgen, baspada ja`riyalanıw ilimiy ko`z-qarastan u`yreniliw jag`daylarına salıstırıp qaraganda ayırım o`zgeshelikler sezilip turadı.[6] XIX a`sirde Berdaq shayır ko`p sanlı lirikalıq shıg`armalar jazıw menen qatar milliy qaraqalpaq a`debiyatına o`zinin` a`jayıp do`retiwshiligi, ko`rkem so`zge sheberligi menen ken` polotnodag`ı, keskin konliktli u`lken syujetli jazba da`stanlıq shıga`rmalar da jazıp qaldıradı.

Turkiy xalıklar ma`deniyatı tariyxındag`ı ta`jiriybe ha`m da`stu`rlerge tiykarlanıp Berdaq shayır Qaraqalpaqlar «Shejire» ni xalıq tariyxı dep qabıl etemiz. So sebepli de u`lken du`n`yalıq masshtabtag`ı ilimpazlar S.P.Tolstov, T.A.Jdanko, N.Da`wqaraev, S.Kamalovlar “Berdaqtı qaraqalpaqlardın` birinshi tariyxshısı dep esaplaydı.”[7] Berdaq shayırdın` Shejire shıg`arması haqqında tariyxshı a`debiyatshılar ko`p izertlep, ko`p bas qatırdı. A`sirese olardan D.Da`wqaraev, S.Kamalov, R.Qosbergenov, I.Sag`ıtov, N.Japaqov, A.Murtazaev ha`m t.b lar bul u`lken shıg`armag`a o`zlerinin` baxalı pikirlerin ayttı. jazılg`an xalıq tariyxı bolg`anlıg`ı sebepli onı sawatlı qıssaxan, shayırlar mektebinde qayta-qayta qa`tiblerge ko`shirilip, kitap qılıp tu`pletip elge taratıp otıradı. N.Da`wqaraev, Q.Ayımbetov, I.Sag`ıtovlardın` aytıwlarına qarag`anda «Shejire» nin` Berdaq shayır o`zi jazgan nusqası Qorazbek jasag`an variantları 1930-jıllarda baspada ja`riyalaw waqıtlarında siyasatqa beyimlestirip, biraz qısqartqan, redaktorlag`an variantların g`ana 1940-jılı baspada ja`riyalang`an. Berdaq shayır do`retiwshiligin izertlewshiler ko`p g`ana alımlar Berdaq shayır jazg`an «Shejirenin`» jazılıw tariyxı haqqında tu`rli-tu`rli pikir boljawlardı beredi. Ja`miyetlik du`zimnin` XIX a`sirge kelip o`mirinin` tawsılg`anlıg`ın ko`rsetetug`ın, ha`tte qon`sı turkiy xalıqlar turmısınan alıp jazılg`an iri da`stanlıq polotnalardı ko`retug`ın qullası biz bu`gingi

**6. .A.Pırnazarov «XIX a`sirdin` ekinshi yarımı, XX a`sirdin` basındag`ı Qaraqalpaq a`debiyatı» Bilim 1996-j 185-bet**
**7.Berdaq shayir do`retiwshiliginin` geypara mashqalalari. No`kis “Qaraqalpaqstan” 2013j**

pu`tkil du`n`yanı ishine qamtıg`an ken` ko`lemdegi do`retiwshilik tariyxqa iye ku`nimizde milliy ruwxıy do`retiwshikte, milliy a`debiyat, ma`deniyat tariyxında bolamız.

“Bul milliy a`debiyat ma`deniyatı tariyxımızdag`ı a`piwayı ko`rinis emes edi.”[8]

Berdaq ko`p sanlı mayda lirikalıq shıga`rmalardan basqa birge birqansha ko`lemli, mazmunlı, poemalar, da`stanlar qaldırdı. Berdaq shayırdın` kishi qosıqları menen qatar a`sirese onın` poemalarıınn` tariyxıy a`hmiyeti u`lken. Sebebi Berdaq qaraqalpaq xalqının` o`zi jasag`a`n zamanındag`ı siyasiy ja`miyetlik turmısının` real su`wretin basqa jazıwshılarg`a qarag`anda tolıg`ıraq, ken`eirek ha`m durıs ko`rsete bildi.

Berdaqtın` tariyxıy a`hmiyeti bar poemalarının` birinshi «Shejire» Berdaqtı bul da`stanın awızeki a`debiyattag`ı qaraqalpaq xalqının` shıg`ısı jo`nindegi legendalardan alıp jazg`an. Poemanın` ishinde ko`rdim. Shejireni nusqadan degen jeri bar. Bug`an qarag`anda Berdaqtın` qolında Shejirenin` jazba nusqası bolg`an bolıwı kerke degen pikir keledi. Shejirenin` birinshi bo`limindegi Shın`gıs xandı ta`riypleytug`ın jeri o`z aldına bo`lek, qaraqalpaq urıwları jo`nindegi bo`limi o`z aldına bo`lek Shejire bolıp, Berdaq ekewin birge qosıp qayta islesip bolıwı kerek. Qanday bolg`anda da Berdaq bul da`stanında qaraqalpaq xalqının` tariyxıy so`z qıladı, sonnı jazbaqshı boladı. A`lbette Shejirenin` xalıq awzınan jazıp alıngan variantları menen Berdaqtın` qayta islep shıqqan variantı toılq da`rejedegi tariyx emes, al olardı a`debiyattag`ı xalıqtın` variantı dep qaraw kerek. Bul variantlarda kemshiliklerde bar. En` aldı menen qaysı xalıqtın` bolsa da tariyxı sol xalıqtan, ja`miyetlik siyasiy ekonomikalıq turmısının` tu`rli sotsial qatnaslarının` klasslar gu`resinin` tariyxı bolıp tabıladı.

Berdaqtın` Shejdiresinde bul jag`daylar tiykarg`ı orın almaydı. A`lbette Berdaq jasag`an zaman, ol zamandag`ı qaraqalpaq xalqının` tariyxıy jag`daylarınan eske alganda, zamannın` da`wirdin` awır jag`dayları so`z etiledi.

**8.N.Da`wqaraev “Shig`armalarinin` toliq jiynag`i” 3 tom “Qaraqalpaqstan” No`kis. 1979j**

Berdaq o`zinin` Shejiresinde Shın`g`ıs xannın` tuwılıwın bılay ta`riypleydi. Altın xannın` Almalı-ko`rikli degen qızı boladı. Patsha qızın ay menen ku`ndi ko`rsetpesten altın soraydı saqlaydı. Almalı on bes jasına kelgende ku`ndi ko`rip, og`an ashıq bolıp qaladı ha`m onnan ju`kli boladı. Xan qızının` ku`ywsiz ju`kli bolg`anına ızası kelip, qızın altın sandıqqa salıp da`r`yaga ıg`ızıp jiberedi.

Da`r`ya ja`galap ju`rgen balıqshı mergen Talaul menen Shban sandıqtı shıg`arıp aladı. Talaul Almalıg`a u`ylenedi, ay ku`ni jetip Almalı ul tuwadı ha`m atın Shın`g`ıs qoyadı, ja`ne eki ullı bolıp olardın` atların Bu`rliltaw, Bo`den`ay qoyadı. Talauldın` eki ulı Shın`g`ıs penen qas boladı. Shın`g`ıs ketkennen son` Tauldın` jurtı wayran boladı. Almalının` ken`esi boyınsha tawda an`shılıq etip ju`rgen jerinen Shın`g`ıstı alıp kelip xan ko`teredi. Egerde Shejireni teren`irek an`lasaq tariyxıy shınlıqqa ko`p jerleri tuwra kelmeydi. Ma`selen Altın xan Shın`g`ıstın` zamanında emes, XI a`sirde Xorezmge xan bolg`an adam. Al Shın`g`ıs xan bolsa 1155 jılları tuwılıp, 1227-jılı o`ledi Onın` a`kesi Esugey batır Shın`g`ıstın` haqıyqıy atı-Timushin Berdaq Shejiresinin` ekinshi bo`limindegi qaraqalpaq xalqının` shıg`ısı, urıwlarga bo`liniwi ha`m ol urıwlardın` atları jo`nindegi pikirleri tolıp atırg`an kemshiliklerine qaramastan kewil bo`liwge turarlıq material. En` aldı menen Enes, Ma`lik eki kisi «Enes qazaqtın` babası, sonnan alash bolg`an eken, Ma`liktin` ulı Razıxan jaslıg`ında qoydı g`ulpaq, sonnan qalpaq bolg`an eken» dep baslaydı. Onnan keyin Berdaq.

Saxar xalqı ko`ship gezbek,
Qa`ntli jerden Watan du`zbek
Qalpaqtın` ug`lıdur o`zbek,
O`zbek jekke bolg`an emes, dep o`zbekti qalpaqtan shıg`aradı.

Berdaqtın` bul pikiri durıspa, nadurıspa, bul ekinshi ma`sele, o`z aldına bo`lek izertlewdi talap etedi. Bul jerde ha`mmege qızın` «qalpaq» so`zi rus letopislerinen «kluboki», «qalpaq» Abul Fazlak Beyhaqidin` qalpaq degen qa`wimleri menen baylanıslı emespe eken degen pikirdi tuwg`ızadı. Sebebi peshenegler awhalına birikken qa`wimlerdin` tu`rli tariyxıy, siyasiy jag`daylardın` sebebinen ku`sh quwatı ketip, qa`wimler urıwlar birlespesi ıdarıp bo`leklen baslag`anda ha`rekt

degen ulıwmalıq atag`ı jog`alıp, burıng`ı awqamg`a birikken urıwlar rus lotopislerinde aldı menen «Kluboki», yag`n`ıy «qalpaq» dep atalıp son`ınan qarapayımlıqtı bag`ınıp qılıqtı bildiretug`ın Shyornıy, qara degen so`z qosılıp, shyornıy kluboki, yag`nıy qaraqalpaq dep atang`anı belgili.

Berdaq shayırdın` shejiresi ko`p kemshiliklerine qateliklerine qaramastan qaraqalpaq tariyxın izertlewde material retinde paydalanıw ushın u`lken a`hmiyetke iye. Bunda xalıqtın` o`z tariyxı jo`nindegi pikirleri ko`z-qarasları aytılg`an. Berdaq bul shejire arqalı o`z xalqının` tariyxın islew ushın birinshi qa`lem alg`an qaraqalpaq bolıp tabıladı.

Berdaqtın` tariyxıy a`hmiyetli bar da`stanlarının` biri «Xorezm». Bknı Berdaq 1900-jılı jazadı. Da`stannın` aqırında.

Berdimurat xalıqtın` qulı,
Sahrada o`sken bu`lbili,
Jetmish u`shte, sıyır jılı,
Bul bir aytqan hikiyatı»-dep jazadı. Bul da`stan Xorezm tariyxın so`z etedi. Berdaqtın` Xorezm da`stanı Xorezmnin` tariyxın ko`p qa`te, nadurıs tu`sindirse de, tiykarınan Xorezmni wayran bolıwının` sebeplerin durıs ko`rsetedi.

Xorezmnin` xanların, patshaların xronologiyalıq jaqtan durıs ko`rsetedi.

A`lbette, Berdaqtın` Xorezm da`stanın tariyx dep qarawg`a bolmaydı.

Berdaqtın` tariyxıy ma`nisi bar da`stanlarının` biri «Amangeldi». Bul qaraqalpaqlardın` XVIII a`sirdegi turmısınan alıp jazılg`an. Da`stannın` tolıq variantı jetip kelmegen. XVIII a`sirde ha`m XIX a`sirdin` baslarında qaraqalpaqlardın` bir bo`legi Qoqan xanına bag`ınadı.

Tariyxıy dereklerden Qoqan xanlıg`ının` qarawındag`ı basqada xalıqlarg`a qosılıp, qaraqalpaqlardın` da xanlıqqa qarsı talay ko`terilis jasag`anı ma`lim.

Bir qatar qaraqalpaqlardın` sol ku`ndegi jol baslawshısı ha`m batırı Asan jetim Qudaybergen ulı degen edi. Bir ku`ni Qoqan patshası o`zinin` ko`p xattınnın` u`stine hayal qılıp alıw ushın soratıp adam jiberedi, Asan og`an «Sabır etip tursın, oylanıp bir juwabın aytayıq»-dep qaytarıptı. Bug`an Qoqan xanının` ızası kelip «Adam ko`rmegen jas qaraqalpaq qızlarınan ha`r quni bir qız berip tursın?» degen

buyrıq beredi.

Asannın` Qoqan xanının` bul buyrıg`ına ızası keledi. Xalıq ta bul buyrıqqa qarsı boladı. Buyrıg`ın orınlamag`an Asandı Qoqan Xanı darga asıp o`ltiredi. Sonnan son` qaraqalpaqlar bo`linip, Qoqan xanının` qarawınan ko`ship, Jan`a da`r`ya boyına keledi.

Qaraqalpaqlar Asannan ayrılg`anına ko`p qıynaladı. Ol bolsa jaqsı qonıs tabar edik, dep qayg`ıradı. Asannın` Qanın alıp kelerlik kim bar? Degende ko`pshiliktiq ishinen Mine biz baramız?-dep Amangeldi degen bir jigit shıg`adı. So`ytip zamanında qaraqalpaq xalqının` erki ushın, namısı ushın ten`ligi ushın Qoqan patshasının` darına astırılıp o`ltirilgen Asan jetim Qudaybergen ulının` qanın` Qoqan xanınan Amangeldi aladı. Berdaq usı jo`ninde da`stan do`retedi;

Astırdı darg`a Asandı,
El dep Asan berdi jandı,
Onı qurtqan zalım xandı,
Gelle qıldı Amangeldi,
Amangeldidey bolmag`a,
Barıp Xannan qan almag`a,
Gele kesip jan almag`a,
Qay birin`nin` shaman` keldi?-dep jazgan edi.

Jigitlerdin` namısına tiyetug`ın o`tkir so`zler menen Amangeldidey bolıwg`a shaqıradı.

XIX a`sirdin` dawamında qaraqalpaq xalqı o`z azatlıg`ı ushın Xiywa xanlarına o`z ishindegi atalıq biylerge, eziwshilerge qarsı talay ko`terisler Xiywa xanlıg`ı ta`repinen, qaraqalpaqlardın` satılg`an biylerinin` ja`rdemi arqası qan to`giwler menen bastırılıp kelindi. Usınday ko`terilistin` birewi 1827-1828 jıllarda boldı. Bul ko`terilisti Aydos biy basladı. Bul ko`terilis jo`ninde tariyxıy dokumentlerde de ko`p mag`lıwmatlar bar. Mine, Berdaq usı ko`terislerdin` birewinin` basshısı jo`ninde bizge Aydos biy degen da`stan qaldırdı.

Berdaq o`zinin` bul da`stanında qaraqalpaq xalqının` tariyxındag`ı azatlıq ushın bolg`an u`lken ko`terislerdin` birewin su`wretlep jazıw menen qatar, Alma

jegen alpıs biydin` ha`m Aydos biydin` xalıq ko`terilisin baslawdın` ornına qara basının` g`amı ushın Xiywa xanlıg`ına satılıp ketkenin jazadı. Begis, Mırjıq, Irza, To`re usag`an xalıq batırlarının` xalıq isi ushın qaharmanlarına qaza tapqanlıg`ın jazadı.

XIX a`sirdin` 1855-1856 jıllarında Ernazar biy basshılıg`ındag`ı qaraqalpaqlar ko`terilisi bizin` tariyx betlerimizde o`shpes iz qaldırg`an. Qaraqalpaq xalqın azatlıqqa shıg`arıw, Xiywa xanı zulımlıqlarınan qutqarıwda arman etken, onın` ushın o`zinin` son`g`ı demine shekem azatlıq ushın gu`res alıp bargan Ernazar Alako`zdin` batırlıqları tuwralı ha`m ko`terilisi tuwralı Berdaq shayır Ernazar biy atlı arnawlı da`stanın jazdı. Ol da`standa Ernazar Alako`zdin` islegen erlikleri, onın` qatnas qaysar ma`rt batır ekenligin su`wretleydi. Ernazar Alako`zdi Xan ayıplı etip, qolg`a tu`sirip aq u`yli etip aydamaqshı bolg`anında, Ernazar hesh seskenbeydi, ol xalıqqa «Egerde men qolg`a tu`se qoysam meni tilep hesh kim barmasın»-deydi.

Xan gu`nakar qılg`anımdı,
Biyligini alg`anımda,
Ha`m aq-u`yli qılg`anında,
Mun`aymadı Ernazar biy,
Meni hesh kim tilemesin,
Jalınıp sorap ju`klemesin,
Men o`lgende jılamasın
Dedi arıslan Ernazar biy

Ernazar Alako`zdin` obrazı Xiywa xanın ha`m onın` u`stemligin jek ko`rgen, azatlıq ushın gu`resken, haqıyqat xalıq qaharmanının` obrazı.

Berdaq Ernazar Alako`zdin` xalıq dushpanlarının` qolınan o`lgenine qattı qıylanıp, to`mendegidey jazadı.

Go`rug`lı bektey er edi,
Qatarda qos nar edi,
Tola jurtqa da`rka`r edi,
Sheyt boldı Ernazar biy,

Berdaqtın` bizin` ushın og`ada a`hmiyetli da`stannın` birewi Aqmaq patsha Berdaq bul da`stanı du`n`yaga ko`z qarası onın` belgilengen jası eolliden askanda yag`nıy 1877-jılları jazg`an. Berdaq da`stanının` kiris so`zinde o`tken kunlerde xanlardın` zalım bolg`anın, jarlı xalıqtın` o`mirinin` xorlıq, zorlıqta aydawda o`tkenin aytadı. Onnen keyin shayır ko`p azaplardı o`zi de basınan o`tkergenligin aytıp, duwtarın qolına alıp, azap shegip ju`rgen jarlı xalıqtın` mun`ına qosılıp so`z baslaydı. G`arrılardan kempirlerden ko`p qayg`ılı a`n`gimelerdi esitip edim, bir qıssanı qayta-qayta oqıp edim, ma`nisin tekserip ko`p jıllar oylap ju`rip qartayg`anda usı qıssanı jazıwg`a kiristim deydi. Bul qıssanı «jazdım bir jıl-on eki ay» jalg`ız qoyımdı soyıp jedim. Azıg`ım qatqan qaqpash boldı-dep deydi Berdaq.

Qa`dirimdi xalıq biler,
Xalıq bilmese balıq biler,
O`lmegen so`zimdi ko`rer,
Ha`m qa`dirler qolına uslap,
Qa`te bolsa so`kpen` doslar,
Qurbı ha`mde ten` qurdaslar,
Berdimurat so`zin baslar
Ma`nisin ko`rin` oylap-dep keltiredi.

Berdaq bul da`stanın o`zinin` teren` mazmunın, ideyası jag`ınan jer ju`zlik a`debiyattın` en` hasıllarının` qatarına qoyıwg`a boladı. O`zinin` tili, ko`rkemligi, mazmunı, ideyasının` real optimistligi boyınsha revolyutsiyag`a shekemgi qaraqalpaq a`debiyatında bug`an ten` keletug`ın shıg`arma joq. Ol waqıtlarda Xiywa xanlıg`ının` zulımlıg`ı ha`dden asıp, patsha kolonizatorlarının` jan`a alg`an jılları edi. Bul jıllarda usınday teren` ma`nili o`tkir shıg`arma jazıw ko`p bilimdi, batırlıqtı talap etetug`ın edi. Biz Berdaqtın` Aqmaq patsha poemasınan Berdaqtın` Aqmaq patsha poemasınan Berdaqtın` sonday teren` oylı, bilimli batır bolg`anın ko`rip otırmız. Berdaqtın` zamanındag`ı, XIX a`sirdegi ku`n shıg`ıs jazıwshılarının` hesh qaysısı da bunın`day shıg`armag`ı bel baylap, ta`wekel etip ko`rgen emes. Berdaqtın` ullılıg`ı mine usında.

Berdaq shayırdın` bul Aqmaq patsha da`stanı, 1830-jıldan baslap fol`kloristler

Sa`dirbay Ma`wlenov ha`m Sha`mshet Xojaniyazovlar ta`repinen xalıq ishinen qıssaxanlardan jazıp alıngan estelik. Ol biringi ma`rtebe 1940-jılı «Qaraqalpaq xalıq do`retiwshiligi» atlı toplamda tolıq ja`riyalanadı. Da`stan 1950-jıldan baslap orıs, o`zbek, qazaq, qırg`ız, tu`rkmen xalıqlarının` tillerinde awdarılıp baspada jaraıq ko`rdi. Ja`n de bul da`stan o`zinin` waqıyalarg`a ju`da` baylıg`ı, ko`rkemligi menen Orta Aziyadan tısqarı Aziya ha`m Evropa xalıqlarının` da ken` su`yip oqıytug`ın ko`rkem shıg`armasına aylanıp ketti. Berdaq shayırdın` Aqmaq patsha da`stanının` Aziya ha`m Evropa xalıqları arasına ken` taralıwı sebepli ilimpazlarımız arasında onın` mazmunına, materialı, jazılıw tariyxı haqkında a`debiyatta ju`da` ko`p boljawlar bolg`anlıg`ında aytıwımız kerek boladı. Og`an sebep bolg`an ma`sele Berdaq shayır do`retiwshiliginin` progressivlik xarakterleri ha`mme waqıtlarda da ha`mme xalıqlar da ilimiy ja`miyetshiliktin` dıqqatın o`zine ko`p awdaradı. Bunday boljawlar a`sirese o`zlerimizdin` ilimpazlarımız arasında ju`da` ha`wij aladı.

Ma`selen. “Q.Ayımbetov ha`m O.Kojurov, I.Yusupovlar bul Aqmaq patsha da`stanı o`zbek xalıq da`stanı «Maliykayiy Diloram» da`stanının` tiykarında jazılgan da`stan dep shamaladı.”[9]

O.A.Bekbauliev bul da`stan o`zbekshe «Malikayiy Zuxra» da`stanının` qaraqalpaqsha bir variantı degen pikirlerdi aytadı.

Berdaq shayır do`retiwshiligin ko`pten ha`m arnawlı izertlewshiler N.Da`wqaraev, I.Sag`ıtov, A`.Paxratdinov, A.murtazaenv, K.Xudaybergenovlar «Aqmaq patsha» da`stanı basqa bir xalıq da`stanlarının` ko`shirmese de variantı da emes, bul haqıyqıy Berdaq shayırdın` qa`leminen do`regen avtordın` o`zinin` original shıg`arması dep belgiledi ha`m olar ha`mme waqıtta da durıs juwmaqlar shıgardı.

Bul «Aqmaq patsha» o`z zamanında xalıq buyrıg`ı menen ju`rek ha`miri menen, shayır ta`repinen u`lken talant, ta`jiriybeler menen jazılg`an jazba estelik

**9.A`.Paxratdinov. «Berdaq shayır do`retpelerinin` geypara mashqalaları» 114-bet.**

“XIX a`sirde birinshi ma`rtebe usınday bir a`jayıp da`stan jaratıldı. Bul tek Berdaq shayır do`retiwshiliginin` g`ana emes, ol XIX a`sirdegi qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatı tariyxının` jetiskenligin bolg`anlıg`ı da so`zsız.[10]

«Aqmaq patsha» da`stanının` usınday ullılıg`ı sebepli 1950-jıldın` o`zinde aq shayır Rambergen Xojabergen ulı ta`repinen O`giz jırawdan jazıp alıng`an ha`milim izertlew institutına tapsıradı. 1944-jılı Erkebay da`stanı Berdaq shayırdın` en` jaqsı da`stanlıq «Zvezda Vostoka» jurnalının` qosımsha betlerinde dag`azalang`a. 1944-1946 jılları da`stan tolıq orıs tiline awdarılıp bolıng`an. 1950-jılı Berdaq shayır shıg`armalarının` tolıq jıynag`ında ja`riyalanadı. Shayırdın` ken` diapozondag`ı sawatlılıq, sheberlik, do`retiwshilik stillik o`zgesheliklerine tu`sinbegen geypara adamlar bul shıg`armanın` Berdaq shayır avtorlıg`ına tiyisli ekenligine gu`manda keltirip ju`rdi.

XIXa`sirdin` ortalarında Jan`ada`r`yada Erkebay degen u`lken bay jasag`an. Jan`ada`r`yada Erkebay qorg`anı degen qorg`an da bolg`an. Shet el sayaxatshıları “Mak Togan 1875-jılı ha`m Longonın` eske tu`sriwlerinde usı Erkebay qorg`anında toqtap o`tkenlikleri haqqında jazadı.”[11] Da`stannın` ja`n bir o`zgesheligi sonda sotsiallıq ten`sizlik ha`mme jerlerder, barlıq xalıq o`mirlerinde de bolatug`ını tuwralı jazılg`an.

Erkebay da`stanında tiykarg`ı ga`p etiletug`ın waqıya to`mendegishe. Erkebay degen bay qısqı qılawdan ba`ha`rde jaylawg`a qamısarıq boyına ko`shedi. Ko`ship kiyatırg`anda mallar jolg`a sıymay, olarg`a shopanlardın` da ku`shleri jetpey ko`ksuw boyı otırıqshı xalıqlarının` eginlerine tu`sedi. Eginlerinen ayrılg`an xalıq bunı apatshılıq dep biledi.

Berdaq barlıq shıg`armalarında adamlardı hadallıq penen jasawg`a shaqıradı. Erkin miynetti, miynetkesh insandi ulig`laydi.

Da`standag`ı en` baslı ma`sele, sharwa ta`biyatına ta`n tipik ko`rnisler sheber berilip jaqsı su`wretlenedi. Ma`selen. Erkebaydın` qıslawdan jazg`ı jaylawg`a

**10.A`.Paxratdinov. «Berdaq shayır do`retpelerinin` geypara mashqalaları» 119-bet.**
**11.A`.Paxratdinov. «Berdaq shayır do`retpelerinin` geypara mashqalaları» 114-bet. 121-bet.Berdaq du`n`yası 2007-jıl 73-bet.**

ko`shkendegi ko`rinislerin bılayınsha su`wretleydi.

Ba`lent shopanlardın` ısqırqan sesti,
Shopalar jılar ju`r mal sıymay jolg`a,
Eginsiz jer menen baratır zorg`a!

Esap sanı joq Erkebaydın` malları ko`ksuw boyındag`ı xalıqtın` eginlerine tu`sip ketken waqıtlardag`ı egin iyelerinin` ko`p mallardı ko`rip hayran qalıwına qaran`ız.

Biraz aytır uzaqtan mal kelmishler,
Birazları iyesiz mal demishler,
Biraz aytar iyesiz mal ne isler,
Hesh kim bilmey hayran boldı yaranlar-dep jazadı.

Erkebay da`stanında sharwashılıq penen turmıs keshiriwshi Xalıqlardın` ku`n ko`ris reallıqları menen o`mirde bay, bardamlı adamlardın` o`z xalqın qarawındag`ı adamlardı ekspluatatsiyalaw jolları, diyxanshılıq penen shug`ıllanatug`ın xalıqqa` keltirip turgan zyaınları, ku`tilmegen stixialı ko`rinislerine shekem durıs, sheber su`wretleydi.

Berdaq shayır o`z zamanında milliy a`debiyat maydanında da`stanlıq shıg`armalar do`retiwdin` sheberi bolg`an qa`lem iyesi.

«Ra`wshan» da`stanının` syujetlik liniyasın qurap turgan qaraqalpaqlardın` feodallıq, patriarxarlıq, pıtıran`qılıq zamanlarında xalıqtın` morallıq a`dep ikramlılıq ma`selelerindegi geyda u`yde payda bolıp turatug`ın bir waqıyalardan ibarat. Onda a`piwayı syujet penen bir-birine sa`ykes kelmey turgan eldegi morallıq qarama-qarsılıqlar ga`p boladı. Usınnan shayır shiyelesken u`lken bir sotsiallıq ma`selelerdi keltirip shıg`aradı. Bul ma`sele da`standa bir bay, jarlı qızına jawshı jibergen adam menen Ra`wshan atlı qızdın` dialogi tiykarında qurıladı.

Da`standa diyxan qızı, a`piwayı, sıpayı, til menen qalay bolmasın o`zine kelgen jawshını qaytaradı. Ol o`zine kelgen ha`r qanday jawızlıqqa da, insaplılıq ha`m shıdamlıq penen qatnas jasawg`a u`yrengen, onda ta`rbiyalıq moral` bar.

Shayırdın Ra`wshan da`stının basqa da`stanlıq shıg`armalardan ayırmashılıg`ı

ja`miyettegi bar usınday ideyanı, ideologiyanı joqarı ko`terip jırlaydı. Sebebi, bul da`standa xalıqlıq moral qattı ha`m anıq qoyılg`an.

Sonın` ushın biz bul tuwralı ga`p etkenimizde Mırzamurat obrazı yamasa Ra`wshan obrazı dep ayrıqsha toqtap otırg`annan go`re da`standa berilgen shayır idealına ken`irek toqtag`andı maqul ko`rdik dep oylaymız.

Berdaq shayır usınday tariyxıy siyasiy sotsiallıq jag`daydın` ishinde jasap, olardı o`z ko`zi menen ko`rip, xalqının` ideyalı ha`m maqset a`rmanları menen jasadı. Sonlıqtanda o`zinin` ha`r bir shıg`arması sıyaqlı bul da`stanlıq do`retpesinde de shayır u`lken ja`miyetlik oylar bosag`asında jasag`anlıg`ı ko`rinip turadı.

Berdaq shayır do`retiwshiligi-bul bir a`piwayı jazıp qaldırılg`an poeziyalıq shıg`armalardın` jıyındısı emes. Onın` u`lken-kishi shıg`armaları XIX a`sirdegi ja`miyetlik o`mirdin` en` xarakterli momentlerin alıp talqılag`an, xalıqtın` filosofiyalıq danalıq pikirleri menen tolı ko`rkem shıg`armalardan ibarat.

Berdaq G`arg`abay ulı ta`repinen do`regen ekpikalıq ko`lemli shıga`rmalar tematikalıq jaqtan qaraqalpaq a`debiyatın bayıttı ha`m rawajlandırdı. A`sirese, onın` do`retiwshiliginde tariyxıy mess u`lken ken` syujetli keskin konfliktli shıgarmalar jaqsı rawajlandı. Ko`rkem shıg`armanın` o`zi adam balasının` ja`miyetlik gu`reslerinin` o`mir tirishiklerinin` ko`rkemlik shejiresi, adamnın` ruwxıy jaqtan rawajlanıwı ha`m bayıwı jasaw ushın izleniwlerinin` tariyxı aq bolsın. Sonda da bul ullı insannın` qa`leminen do`regen ko`lemli da`stnlıq shıg`armalar, «Xorezm», «Shejire», «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy», «Erkebay», «Ra`wshan» u`lken jazba da`stanlıq polotnalardın` payda bolıwı qaraqalpaq xalqının` XIXa`sirdegi milliy a`debiyat tariyxında a`jayıp bir qubılıs bolg`anlıg`ı so`zsiz.

Berdaq G`arg`abay ulı do`retiwshiligi tek bir qaraqalpaq xalqında emes, ulıwma turkiy xalıqlar a`debiyatı tariyxında da u`lken waqıya bolıwına qaramastan bul jazba u`lken miyras bizin` tariyxımız, ma`deniyatımız, a`debiyatımız desek qa`telespeymiz.

## III BAP. Berdaq shayırdın` «Xorezm» da`stanının` izertleniw ma`seleleri ha`m onı oqıtıwdın` geypara ma`seleleri.

O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti 2005-jılı oktyabr` ayında Xorezm Mamun Akademiyasının` 1000 jıllıg`ın belgilew haqqında qarar qabıl ettti. Bul Prezidentimiz I.A.Karimov qol qoyg`an tariyxıy qarar a`yyem zamanlardan o`zlerinin` ilim pa`n tariyx ha`m ma`deniyatı Xorezm tsivilizatsiyası menen baylanısta jasag`an du`n`yadag`ı bir neshshe xalıqlardı u`lken quwaınıshqa bo`ledi.

Xorezm diyarı Orta Aziyada insaniyat ma`deniyatı tariyxının` en` a`yyemgi besliklerinen biri bolıp esaplanadı. Tariyxıy mag`lıwmatlarda eramızdan aldıng`ı birinshi mın` jıllıqlar ortalarında aq Orta Aziyanın` ekonomikalıq, geografiyalıq ha`m etnografiyalıq kartaları Xorezm. Sogdiana, Marianna, Parfiya, Zarafshan dalan`lıqları ha`m A`miw ha`m Sır da`r`yalardın` ten`izge quyar etekleri usag`an ju`da` ken` aymaqlardı o`z ishine alg`an ma`ka`nlar bolg`an. Bul jerde qu`diretli Xorezm ma`mleket jasap, ol du`n`yadag`ı ilim pa`n ma`deniyattın` oshag`ına aylang`an ko`p jıllar Xorezm arxeologiyalıq ekpeditsiyasın basqarg`an S.P.Tolstov o`zinin` A`yyemgi Xormezm degen miynetinde Pofor ha`m Iberiya, Armeniya Parfiya Xorezm bir waqıtlarda Hindistang`a, Irang`a bir waqıtlarda Evropv ha`tte uzaq Sibirge ta`sirin tiygizdi-dep jazadı.

X-XI-XII a`sirlerde usı Xorezm tsivilizatsiyasının` rawajlanıwı a`sirese ilim pa`n ma`deniyattın` rawajlanıwı turkiy xalıklardın` ha`r birinin` keleshekte o`z aldına xalıqlıq da`rejelerge jetiliwlerine, o`zlerine ılayıq milletlik belgilerinin` payda bolıwına sebepshi jag`daylardı keltirip shıg`aradı. O`z ma`mleketligine iye boladı. Al geypara shet el tariyxshılarının` miynetlerinde qaraqalpaqlar V-VII a`sirlerde aq o`z ma`mleketligine iye bolg`an. VIII-X a`sirlerde xalıq bolıp qa`liplesken-dep ko`rsetedi.

XIX a`sirde jasag`an ullı Berdaq shayırda Xorezm haqkında u`lken tariyxıy da`stan jazadı. Berdaq shayırdın` da Xorezm haqqında da`stan jazayaı nızamlı qubılıs edi. Sebebi, qaraqalpaqlar jeri tariyxta Arqa Xorezm dep ataladı, ulıwma Xorezm tsivilizatsiyasının` bo`linbes bir bo`legi edi. Berdaq shayır shayırshılıqtı

mudamı Xorezm jerin o`l elim, o`z jerim, o`z watanım dep maqtanısh etedi. Ja`ne de ol o`z milliy do`retiwshilik qu`diretlililiklerinin` dereklerin X-XI a`sirdegi Xorezm ma`deniyatınan baslanatug`ınlıg`ın tolıq biledi.

Berdaq G`arg`abay ulı ta`biyatında bilimli ham Sawatlı shayır ha`m tariyxshı alım edi. Bul Xorezmde jasawshı ha`mme do`retiwshilik xızmetkerlerge ta`n ata-babalarınan kiyatırg`an do`retiwshilik da`stu`r ha`m ta`jiriybelerdin` juwmag`ı edi. Sebebi X-XI-XII a`sirlerden XVI a`sirge shekem do`retiwshiligin entsiklopediyalıq xarakterde dawam ettiriw, ol da`wirlerde talap etip turg`an za`ru`rlikler boldı. Ma`selen Beruniy de, Zamaxshariyde, Abu Ali Ibn Sino da, Abu Ali as Saliylar da ha`m basqalarad matematik fizik, astronom, medik, tariyxshı, a`debiyatshı, muzikant ertsiklopediyalıq xarakterdegi alım, shayır bolıp jasadı. Berdaq shayır da bul o`tkendegi ata-babalardın` tariyxıy, da`stu`r ha`m ta`jiriybelerin jaqsı u`yrengen jaqsı bilgen o`z zamanının` ullı shayırlarınan biri bolg`an. Qullası hnsh qanday asırıp aytqan emes, Berdaq shayır Xorezm tsivilizatsiyasının` da`stu`rlerine de ta`rbiyalag`an zamannın` do`retiwshilerinin` biri boldı.

Berdaq shayır o`z zamanın` u`lken do`retiwshilik xızmetkeri bola otırıp, ol ja`miyetlik o`mirden yamasa o`zine shekemgi jaratılg`an tariyxtan tek paydalanıwshı Material alıwshı, solarda sıpatlawshı shayır g`ana bolıp qalmastan, ol o`zi de el xalıq ushın tariyxshı, ko`rkem materiallardı jıynawshı o`z gezeginde o`z eline xalkına ol da ruwxıy du`n`yanı jaratıwshı do`retiwshilik xızmetker bolıp o`tti.

“Sol sebepli de onın barlıq jasap o`tken madeniy miyraslarının` juwmag`ı ha`zirgi kunde du`n`yalıq ma`deniyat g`a`ziynesinen nızamlı ra`wishte ornı alıp tur.”[12]

Berdaq G`arg`abay ulı birinshi ma`rte qaraqalpaq klasskalıq a`debiyatında milliy jazba tariyxıy da`stanlıq shıg`armalar menen milliy a`debiyatshı bayıtqan shayır boldı.

**12.Berdaq shayırdın` ko`rkemlik du`n`yası. No`kis «Qaraqalpaqstan» 2007-j**

Tekstologiyalıq izertlewdin` joqlıg`ına Berdaq tvorshestvosı haqqındag`ı ilimiy miynetlerdin` o`zlerinde de tolıp atırg`an qayylshılıqlar gezlesedi. Mısalı N.Da`wqaraev Berdaq shayır degen miynetinde onın` “Xorezm da`stanın avtordın` en` jaqsı epikalıq shıg`armalarınan ekenligin aytadı.”[9].

Berdaq shayır tvorshestvosın turaqlı izertlewshi professor I.Sag`ıtov o`zinin` Berdaqtın` tvorshestvosı atlı a`debiy kritikalıq osherkleri monografiyasında shayırdın` Ku`len bolıs, Xorezm shıg`armaların Berdaq shayırdın` posherkine tiyisli emes dep ha`r ta`repleme da`liller menen tastıyıqlap ha`tte olardı onın` tvorshestvosının` qarama-qarsılıg`ına kirgizgen bolıp, son`g`ı o`zinin` Sahra bu`lbili atlı shayırdın` o`miri ha`m tvorshestvosı haqkındag`ı monografiyasında endi ol Xorezmdi Berdaq shayırdiki dep ha`r ta`repleme da`lilleydi.

Professor I.T.Sag`ıtov Berdaq shayır tvorshestvosın uzaq ha`m turaqlı izertlewshi adam. Sonın` ushın ol son`g`ı waqıtlarda Xorezm da`stanı Berdaq shayırdın` qa`lemine tiyisli ekenine ko`zi jetken bolıwı kerek.

Ilimpazdın` bul pikiri meken esaplaspawg`a bolmaydı.

Al Berdaqtın` shıg`armalarındag`ı tariyxıy dereklerdi izertlewshi tariyxshı Maqset Tilewmuratov a`debiyat tariyxında Berdaqtı izertlewshilerdin` o`zlerinde de ha`r qıylı pikir bolg`anlıg`ı sebepli bolıwı kerek Xorezm da`stanı haqqında tiline de baspaydı. Tariyxshılar ha`m o`z pikirlerin aytqanda jaqsı bolg`an bolar edi. Bul shayırdın` shıga`rmaların izertlewshiler boyınsha pikirler.

Berdaqtın` Xorezm da`stanı 1940-jılı Berdaq shayırdın` I-II kitaplarında, 1940-jılı dag`azalang`an «Qaraqalpaq xalıq tvoshestvosı» atlı kitapta 1941-jılg`ı Berdaq shayırdın` tan`lawlı shıg`armalarının` jıynag`ında, 1951-jılg`ı tan`lawlı shıg`armalarının` o`benkshe jıynaqlarında dag`azalang`an. XIX a`sirde Qaraqalpaq a`debiyatı tariyxında hesh bir shayır isley almag`an a`jayıp milliy miyras jarattı.

Onın` qaleminen «Xorezm», «Shejire», «Aydos biy», «Amangeldi», «Ernazar biy» atlı tariyxın da`stanlıq u`lken syujetttegi ko`rkem polotnolar jaratıldı. Bulardın` barlıg`ı da xalıq tariyxı ushın qunı joq bahalı do`retpeler boldı.

**9.A`.Paxratdinov. Berdaq shayır tvoshestvosının` jıynalıw, basıp shıg`arılıw ha`m izertleniw tariyxınan. No`kis «Qaraqalpaqstan» 1990-j 38-bet**

Berdaq shayır ushın onın` basqa shıg`armaların aytpag`annın` o`zinde Xorezm xalıqlarının` tariyxı «Xorezm» da`stanı, Qaraqalpaq tariyxı «Shejire» da`stanın jazıp berip ketkenliginin` o`zi, xalıq ushın jetkilikli edi. So ushında Berdaq shayırdı qaraqalpaq xalqının` birinshi tariyxshısı dep ataydı.

Berdaq shayır «Xorezm» da`stanında Xorezm xalıqlarının` tariyxın jazdı. Ol o`zinin` da`stanın birinshi qa`demin usı «Xorezm» da`stanın jazıwdan baslasa kerek.

Sol ushında Berdaq shayırdı qaraqalpaq xalqının` birinshi tariyxshısı dep ataydı.

Shayırg`a qaraqalpaq xalqının` tariyxın jazıw ushın a`yyemgi Xorezm tsivilizatsiyası menen bir jasag`an tariyxıy ortalıqtı, xalıqtı tariyxtı durıs bilip almag`an shelli, o`z xalqının` Turkiy xalıqlar tariyxınan olardın` ma`deniyat tariyxınan besinshi shıg`ıw, o`z aldında xalıq bolıw protsesslerin «Shejire» de tolıq ko`rsetiwi og`an qıyın bolatug`ın bolsa kerek. Sol sebepli Berdaq shayır «Xorezm» da`stanın ha`mme da`stanlıq shıg`armalardan burın jazgan bolıwı kerek dep tamamlaymız.

Berdaq shayırdın` «Xorezm» da`stanı 1930-jıllardın` birinshi yarımında S.Ma`wlenov, Sh.Xojaniyazovlar ta`repinen jazıp alıng`an. Ol jıllarda «Xorezm» da`stanın baspa so`zlerde ja`riyalaw qıyın edi. Sebebi Xorezm xanlıg`ı haqqındag`ı da`stanlardı ulıwma ol haqqında materiallardı jazıp alıw, ja`riyalaw ja`ne de baylar, biyler, ulamalar, axunlar haqqında, meshit, medreseler, waqım jerler tariyxı haqqında elden bir na`rse jazıp alıw, ja`ne de olardı baspa so`zlerde ja`riyalaw qadag`an teilgen zaman edi. Sol sebepli «Xorezm» da`stanı uzaq waqıtlar baspa so`zlerde ja`riyalenbadı.

Qaraqalpaq zıyalıları 1940-jılları Berdaq shayır o`lgennen keyin 40-jıldan son`, Berdaq shayırdın` o`lgennen keyin 40-jıldan son`, Berdaq shayırdıg` sol waqıtqa shekemgi xalıq arasınan jazıp alıngan shıg`armaların baspa so`zlerde ja`riyalaw maqsetinde «Qaraqalpaq awızeki do`retpelerinin` u`lgileri» degen eki kitaptan ibarat toplamdı baspag`a tayarladı. Ko`p g`ana Berdaq tanıwshı

alımlarımız shayırdın` bul shıg`armasın tariyxqa tiykarlanbag`an degen pikirlerdi alga su`redi, onı to`mendegi pikirlerde ko`riwge boladı.

Berdaq shayır Xorezm da`stanı 1900-jılı 73 jasında jazılg`an, poemanın` keyninde.

“Berdimarut haqtın` qulı,
Sahrada o`sken bu`lbili,
Jetmish u`shte sıyır jılı,
Bul bir aytqan hikayatı”[10]-dep jazadı.

Da`stan Xorezm tariyxın so`z etedi, basınan o`tkergen tariyxıy jag`dayların, belgili xanların, olardın` jaqsı, jaman qa`siyetlerin aytadı. Xorezm tariyxın so`z etedi, basınan o`tkergen tariyxıy jag`dayların, belgili xanların olardın` jaqsı, jaman qa`siyetinlerin aytadı. Xorezm xanlarının` atlansıları so`z etiledi.

Aqmeshit, Tagketu, Qoqan,
Qandaxor, Qabul-Jabastan
Andijanu ha`m Marg`ulon
Sog`an jetti siyasatı,

Qızıl gulbu mashxat bardı,
Taw taslardın` ha`m jol saldı,
Qurdı, Turkistan qozg`aldı,
Iran, Turan Astrabadı - dep

Xorezm xanlarının` bir waqıtlarda ku`shli bolg`anın pu`tkil Orta Aziyada u`lken orın tutqanın jazadı. Bir waqıtlarda bul patshalıqtın` abadan bolg`anın aytıp kelip.

Hanqa, Urgensh, Xiywa, Shabad,
Neshshe jıllar boldı abat,
Sheker jaynap, qantu nabat,
Din Xorezm walayatı-dep jazdı.

---

**10.N.Da`wqa`raev. Shıg`armalarının` tolıq jıynag`ı. 3-tom «Qaraqalpaqstan» baspası No`kis (134,135 betler)**

Waqıtlar o`tken Xorezmnin` da`wleti qayttan wayran bolg`anın aytadı. Onın` sebeplerin en` aldı menen «Iskender» (Aleksandr Makedonskiy) Sultan Maxsud (Sultan Sanjar) jurttı aldı. Shıng`ıs kelip qarap qıldı da, sonnan ko`rdi. Bul jerde Berdaq shejiredgi «Shıng`ıs xan bolıp, jurt abat boldı» degen o`z pikirine o`zi qarsı boladı. Bunnan keyin Xorezmdi Man`g`ıt alg`annan keyin ala Nadirshanın` alg`anın aytadı.

Xorezm xanlarında a`dillik bolmag`anın, baylardı saxawat qalmag`ınan, mollar-iyshan, qazı-kalanlarının` din sha`rayat jolın buzg`anın, g`a`rip-qa`serdin` haqın jegenin aytıp kelip, usınday zulmetlerdin` sebebinen Xorezm wayran boldı-degen juwmaqqa keledi.

Berdaqtın` «Xorezm» da`stanı Xorezmnin` tariyxın ko`p qa`te tu`sindirgen bolsa da, al Xorezmnin` joq bolıw sebeplerin tariyxıy shınlıqqa mol keletug`ını attan anıq. Bul da`standı ja`riyalaw jumısları toqtap qalmadı ha`m keyingi jıllarda qayta basılımlarda jarıq ko`rdi.

O`zbekstan Respublikasının` prezidenti I.A.Karimovtın` O`zbekstan Oliy ma`jilisinin` IX sessiyasındag`ı «Jaslardın` u`ylesip rawajlanıwı-O`zbekstan progressinin` tiykaralı» dep atalg`an bayanatı tariyxıy rol` atkardı.

Usı qarag`a tiykarlanıp 1997-jıl 15-dekabr`de «Qaraqalpaqstan Respublikası joqarg`ı Ken`esinin` Bilimlendiriw haqqında» g`ı Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamı qabıllandı. Bul qararlardın` orınlanıwı bu`gingi ku`nimizge kelip o`z na`tiyjesin ko`rsetpekte. Ha`r ku`ngi sabaqlarımızdı zamanago`y pedtexnologiya tiykarında o`tiw, balalardı sabaqlarg`a qızıqtırıw bu`gingi ku`nnin` tiykarg`ı ma`selesine aylang`an.

Sabaq otiwde sabaqtın` quralı qanday bolıwı kerekligi haqqında metodistler, padegoglar uzaq waqıtlardan berli izlenip kiyatır. Sog`an qaramastan ha`zirgi shekem belgili bir sxemasına iye emes.

Ha`zirgi ku`nnin` tiykarg`ı ma`selesi bul ha`r kungi sabaqlardı intraktiv metodlarda alıp barıw sho`lkemlestiriwden ibarat. Interaktiv metod degenimiz ne?

2002-jılı «Joqarg`ı mashqalalar ha`m arnawlı orta mektepler institutı» pedagogikalıq texnologiyanı jybarlaw ha`m realizatsiyalaw boyınsha bir neshe metodikalıq broyuralar islep shıqtı.

Interaktiv metodta klassta sabaq alıp barıw bul innovatsiyalıq jan`alıq penen bilim beriwge qaratılg`an metod bolıp esaplanadı. Ol ha`zirgi elimizdegi bilimlendiriw sistemasına ha`r ta`repleme jan`alıq engiziwge qaratılg`an metod bolıp tabıladı. Sonın` ushın bilimlendiriw tarawının` aldına sho`lkemlesken, jobalı tu`rde massalıq xarakterde kirisiwdi talap etip tur. Bilimlendiriwge jan`a na`rselerdi enziziw bul keleshekte oqıtıwda bilimlendiriwde u`lken payda keltiretug`ını turgan ga`p. Sonın` ushın adamlardı novatorlıqqa u`yretiw, insandı ta`rbiyalap jetilistiriw, jan`alıq oylap tabıwg`a ha`r bir adamdı u`yretiw bilimlendiriwdin` o`zinde jan`alıq payda etiw ma`seleleri turadı.

Interaktiv metodqa-ilimpazlar to`mendegishe sıpatlama beredi-intrektivlik oqıw bul adamnın` du`n`ya tanıwshılıq iskerligin arttıratug`ın, sho`lkemlestiriwshilik qa`siyetke iye oqıw tu`ri dep ko`rsetedi. Bunday oqıwda adam tolıq, anıq, ko`p aldınan boljawshılıq maqsetlerge erisedi-dep ko`rsetedi. Interaktivlik oqıw tu`ri menen eger klasslarda oqıwdı alıp barganda oqıwshının` sanasında o`zinin` pa`ndi u`lgeriw mu`mkinshiliklerinin` bolatug`ınlıg`ın, oqıwshı o`zinin` intellektuallıq ahwalın, bul oqıw tu`rinin` ju`da` qolaylı ekenligine ko`zi jetedi. Sonın` ushın bul oqıw tu`ri sho`lkemlesken oqıw tu`ri, bunda barlıq owshılar biliwge u`yreniwge, tanıwg`a tiyisli bolg`an ha`mme ma`selelerdi o`zlestre aladı. Usınday interaktivlik oqıwda eger oqıwshı nenii bilgisi kelse, ne haqqında oylasa, sonnı ju`zege shıg`artıw baslı maqseti.

Interaktiv oqıw tiykarınan bes tu`rde alıp barıladı.

1.Tu`siniwdegi, biliwdegi bir-birewge g`a`rezsizligi

2.Ha`r bir adamdag`ı jeke juwapkershilik,

3.Bir-birewge ja`rdem beriw,

4.Pikirlerdi sheshiw ja`miyetshilik

5.Topardag`ı jumıslardın` xarakterleri.

Berdaq shayır shıgarmalarının` ishinde «Xorezm» da`stanının` izertleniwi ha`m onın` jazılıw tariyxına sıpatlama berip o`ttik. Berdaq shayır do`retiwshiligi ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtaladı ha`m onı bizin` milliy a`debiy miyraslarımızdın` tiykarın salıwshı insan sıpatında tanıstıramız. Mektep sistemasın alıp qaraytug`ın bolsaq sabaqtı qanday etip o`tiw. Oqıwshılarga qanday etsek, qaysı metodları islesek tu`sindirsek, a`sirese da`stanlıq shıg`armalardı oqıtıwda nelerge itibar beriwimiz kerek.

Ulıwma orta bilim beriw VII-IX klasslarında qaraqalpaq xalıq da`stanların o`tiw ma`seleleri bunnan burıng`ı a`debiy janrlardı o`tiwge qarag`anda basqashıraq boladı.

Birinshiden da`stanlar haqqında qa`raqalpaq a`debiyatı mug`alliminin` kiris so`zi bolıwı kerek. Da`standı oqımastan aldın da`stannın` do`retiw tariyxı onın` awızeki xalıq do`retiw iliminin` u`lken bir tu`ri ekenligi, qanday da`stanlar bizge shekem jetip kelgenlikleri, keyinshi jıllarda jazıwshı, shayırlamızdın` do`retken da`stanları haqqında mag`lıwmat beriwleri tiyis.

Mug`allim klassta Berdaq shayırdın` «Xorezm» da`stanın o`tiwi tiyis. Mug`allim en` a`wele da`standa o`zi oqıp beriwi ha`m oqıp baratırıp qısqa tu`sinikler beriwi tiyis, sebebi da`stanlıq awır ha`tte awızeki so`ylewde onsha qollanılmaytug`ın so`zler qollanıladı. Mine usalrg`a toqtap o`tiwi, tu`sinlikler beriwi kerek boladı.

Burınları da`standa kimler atqarg`an degen sorawlarg`a da toqtap o`tse boladı. Olardı mul`tmediya quralları arqalı baqsı jırawlardın` atqarg`anların ko`rset de boladı. Sebebi ha`r balanın` qa`bileti ha`r tu`rli, biri ko`riw arqalı jaqsı yadlaydı. Biri esitiw arqalı Jıraw baqsı qıssaxanlardın` bir-birinen ayırmashılıqların olardın` aytıw stil`lerinin` o`zgeshelikleri ha`m dawıslarındag`ı ayırmashılıqlar qay biri qaysı tu`rdegi dastanlardı aytatug`ını haqqıda mag`lıwmatlar beriw tiyis. Son` da`stannın ideyalıq mazmunın ko`rkemlik tilin balalr menen olardın` erkin janrlıq o`zgeshelin de toqtatıp o`tiwi kerek. Sebebi ha`zirgi rawajlanıp baratırg`an zamanımız talabı da erkin-demokratiyalıq ma`mleket qurıw uranı menen baratır. Bunday joldı tan`lag`an ekenbiz bizshe o`z pikirine iye erkin, sawatlı ka`mil

jaslardı ta`rbiyalaw biz pedagoglardın` baslı maqsetimiz. Sonnı da atıp o`tiw tiyis, ma`mleket g`a`reziszlikke erisiw menen elimiz ha`mme tarawlardı du`n`ya standartlarında juwap beretug`ında o`z ornın tawıp atır. Sonday aq bunın` qatarında bilimlendiriwdi rawajlandırıw jo`ninde de u`lken ma`mleketlik, tariyxıy nızamlar qabıllanıp ha`m turmısımızda a`melge asırılıp atır. Bilimdendiriw ma`selelerinde jan`adan nızam ha`m kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlamaların jaratıwg`a tiykar salındı. Bul ma`selelerdi 1997-jılg`ı 29-avgusttag`ı dialog tu`rdegi oqıwda oqıwshılar sın na`rez menen oylawg`a, pikirler ju`rgiziwge u`yrenedi. Olar ja`ma`a`t bolıp u`lken, qıyın mashqalalardı sheshiwge u`yrenedi. Ja`ne oqıwshılar bir-birlerin uqsa bolg`an pikirlerdin` qaysıları durıs, qaysıları nadurıs ekenliklerin ayıradı. Olar basqalar menen erkin pikir alısadı. Bul metod balanın` rawajlanıwına ha`r ta`repleme u`lken ta`sir ko`rsetedi.

Mekteplerde sabaq barısıda da`stanlıq shıg`armalardı oqıtıw da dialog toparlarda jumıs alıp barıw maqsetke muwapvq boladı. Sebebi dialog formada sabaqtı qanday o`tsek boladı. Usı jerde Berdaq G`arg`a`bay ulının` «Xorezm» da`stanın alıp qarasaq bul tiykarınan tariyx penen baylanıslı sonın ushında balalar onı oqıwları yad alıwları an`satıraq boladı. Onı ja`ne de tariyx pa`ni menen de baylanıstırsaq boladı, sebebi bul shıg`arma tikkeley tariyxı penen baylanıslı, biraq ayırım jerleri tariyxıy shınlıqlarg`a qayshı keledi. Biraq sog`an qaramastan tariyx pa`ni menen baylanıstırsaq bul balalar ko`z aldında sa`wleleniwi onın` ideyalıq mazmunın tu`siniwi jaqsıraq boladı.

Sabaqlardı a`sirese ha`zirgi texnologiya rawajlang`an bir da`wirde balalardın` Watanga degen su`yispenshiliklerin ja`ne de rawajlandırıw, a`tirapqa adamlarg`a miyrim sha`pa`a`t sezimlerinin` joq bolmawı ushın da balalarımızg`a o`zimiz u`zindi u`sh yaki to`rt kupletten bo`lstirip berip ha`m balalardın` wazıypası bunda-o`zlerine berilgen u`zindilerdi jaqsılap su`wretlep beriwleri tiyis.

Mısalı.

Arag`a dushpan so`z saldı,
Dostan dostın` kewli qaldı,

Orıs kelip jurttı aldı,
Shul boldı pa`rek apatı.

Bul qatarında teren` ma`niler bar. Orıslardın` kelip Xorezm jurtın, pu`tkil Orta Aziyanı basıp alg`anlıg`ı usının` saldarınan adam-adamdı ayamaytug`ın da`rejelerge kelgeni ha`m basqa din, basqa millet wa`killerinin` kelip jawlap alıp, din iylerin mola, iyshanlardı quwdalag`anıları bul xalıqtın` basına kelgen apatshılıq ekenligin aytpaqshı bolg`anlıg`ın tu`sindirse boladı, Biraq olarda basqalarg`a o`z-ara hu`rmetti bekkemlew, basqa millet wa`killeri de jaqsı qarıs-qatansıtı, hamme menen ten`dey mu`na`sibette bolıw kerekligine sıpatlama bersek boladı.

Balalardın` sawatlı, zıyalı, qa`lip insan bolıp jetilisiwi a`lbette bul biz pedagoglarg`a baylanıslı, sebebi usınday en` joqarı pazıyletler balag`a milliyligimiz milliy a`debiyatımız benen onın` janına kirip baradı. Milliy shayırlamızdın` milliy ruwxiyatımızg`a bay sa`wleleniwler menen jazılgan o`lmes shıg`armaları, ga`wxa`r danalıqları menen bayıtıwımz kerek. Sonın` ushında da`stanlıq shıg`armalardı oqıtıw, mektep jasındag`ı balalarg`a u`yretiw u`lken a`hmpyetke iye.

Toparlarda sabaq alıp barıwda og`ada na`tiyjeli, sebebi bunda uyaq balalarda o`z pikirlerin kishi toparlar da bildiriwi mu`mkin ha`m bunda olar aldınlarınan shıqqan ma`selelerdi ja`ma`a`t bolıp sheshiwdi u`yrenedi. Shayırdın` «Xorezm» da`stanın kishi toparlarda bo`lip oqıtsan`, onda mısalı Bir toparg`a Xorezm da`stannın` tariyxıy a`hmiyetliligin qanday, ekinshi toparg`a Xorezm da`standag`ı eski so`zler jıyındısın tabıwı, qanday pa`n menen baylanıslıg`ı, u`shinshisi ha`m to`rtinshisine XIX-XX a`sirde do`retilgen da`stanlardı bilesizbe?. Usı sıyaqlı sorawlardın` beriliwi balalardın` qızıg`ıwshılıqların arttırp qalmastan, olardın` izertlewshen`lik qa`biletlerin asıradı. Bul sorawlarg`a juwap beriw a`lbette balalr ushın onsha an`sat bolmaydı, biraq olardın` oy o`risinin` rawajlanıwına, sana seziminin` teren`lesiwine a`debiyattag`ı jan`alıqlar ha`m a`debiyatımız haqqında ko`birek biliwin ta`miyinleydi, ja`ne de dialog formasında sabaqqa sonnı da aytıp o`tiwge boladı. Mısalı, ha`r bir balag`a da`stannan Berdaq shayır juwmaqlaw do`retpeleri qaraqalpaq xalqının` a`debiyatının` XIX a`sirdegi jazılg`an u`lken

tariyxıy esteliklerinen esaplanadı.

Usı qa`niygelik pitkeriw jumısı da Berdaq shayır do`retiwshiligi, onın` o`miri, onın` do`retken qaraqalpaq tariyxındag`ı birinshi jazba da`stanları haqqında mag`lıwmatlar berldim.

Bul u`lken qundı miyraslardın` jasalıw dereklerinde talant ha`m poeziyalıq imprevizatsiya g`ana emes, al a`jayıp turkiy xalıqlar tariyxı ha`m ma`deniyatı jatadı. Berdaq shayır ha`m ataqlı baqsı bolıp tek o`z xalqında g`an jasap o`tken adam emes, al Sırda`r`ya boyındag`ı qazaqlar menen Buxara, Xorezm ellerindegi o`zbekler jerlerinde, Go`ne U`rgenish, Tu`rkmen ellerinde de shayırshılıq ha`m baqsıshılıq etken adam. Ol turkiy tilles xalıqlar arasında jasag`an ha`m olarga ma`deniy jaqtan xızmet qılg`an adam. Onın` bizge qaldırgan miyrası ju`da` ko`p ha`m u`lken.

Berdaq shayır do`retiwshiligin ju`da` ko`p ilim-izertlewshileri izertlegen ol u`stinde tınımsız jumıslar alıp barg`an. Mine usılarda biz pitkeriw qa`niygelik jumısların jazıw barısında guwası boldıq.

Pitkeriw qa`niygelik jumısında tiykarınan Berdaq shayırdın` shıg`armaların, onın` do`retiwshiliklerinin` u`stinde alıp barg`an. Ilimiy jumısları haqqında olardın` berdaq shayır haqqında jazg`an, miynetleri haqqında ken`irek mag`lıwmat beriwge ha`reket ettik.

## JUWMAQ

Berdaq shayır G`arg`abay ulı XIX a`sirdegi qaraqalpaq klassik a`debiyatının` tiykarın salıwshılardın` biri. Ol pu`tkil o`mirin ha`m do`retiwshilik xızmetlerin birinshi na`wbette qaraqalpaq xalqının`, sonın` menen birge pu`tkil insaniyattın` baxtı-saadatı ushın gu`reske bag`ıshladı.

Bizin` pitkeriw qa`n`igelik jumısımızdın` teması «Berdaq shayırdın` «Xorezm» da`stanının` izertleniw ma`seleleri ha`m onı oqıtıw ma`seleleri» dep ataladı. Jumısımız kirisiw u`sh bap, juwmaq ha`m paydalang`an a`debiyatlar diziminen ibarat bolıp esaplanadı.

Jumısımız barısında belgili ilimpazlar N.Da`wqaraev, A.Karimov, S.Ma`wlenov, O.Kojurov, B.Ismaylov, S.P.Tolstov, T.A.Jdanko, S.Kamalov, Q.Kamalov, S.Axmedov, A`.Paxratdinov, A.Pirnazarovlardın` shayır do`retiwshiligi boyınsha ilimiy miynetlerine su`yenip jumısımızdı ken` orınlı paydalandıq.

Jumıstın` birinshi babı. Biz ko`p a`sirlik o`tkendegi ma`deniyatı, a`debiyat tariyzımızdan belgili, tariyxımızdın` o`tkendegi tariyxı, ha`zirgi jasap atırgan a`wldalar ushın ten`i-tayı joq u`lken a`hmiyetke iye. O`ytkeni bel, Arqa Xorezm, dep atalgan a`yyemgi qaraqalpaq topırag`ında neshshe neshshe alımlar, danıshpan ilimpazlar, shayır qıssaxanlar, jıraw baqsılar jasamag`an deysiz. Onda o`z eli o`z xalqının` keleshegi ushın janların pida` etken, qanshadan-qansha azamatlar o`tken deysiz.

Biz du`n`ya tsivilizatsiyasının` basıp o`tken jollarına qarag`anımızda ha`r qanday xalıqtın` gu`llep, jaynap jasawı ushın o`tken tariyxtın` ten`i-tayı joq a`hmiyetlik bolg`anlıg`ın ko`remiz. Bul ma`seleni jay xalıqlar emes, ullı taxt iyeleri bolg`an patshalar da, xanlarda, u`lken ilimpazlar da, jazıwshı shayırlarda mugallimler, owshılar da o`z o`mirlerin, o`z xalqının` tariyxın ma`deniyatın, a`debiyatın u`yreniwge bag`ıshlag`an.

Bunda shayır XIXa`sirde jasap sonsha lirikalıq shıg`armalar, kesikn konflikt, ken` polotnadag`ı a`jayıp da`stanlardı do`retiw arqalı bizin` qaraqalpaq xalqının` ja`miyetlik tariyxı ha`m milliy ma`deniy tariyxının` bir bo`legi bolıp milletimiz

ushın, bu`gingi jas a`wladlarımız ushın ma`n`gi ruwxıy azıq bolıp xızmet eteri so`zsiz.

Bizge Berdaq shayır miyrası arqalı jetken tariyx sabaqları bizin` ha`zirgi jasap turg`an a`wladlarımızdı ruwxlandırıwshı ha`zirgi milliy ideya tiykarında qayta ta`rbiyalaytug`ın u`lken xalıqlıq ruwxıy miyras ekenligi menen baxalı.

Ekinshi babında «Berdaq shayırdın` do`retiwshiginde payda bolg`an jazba da`stanlıq shıg`armalar» dep ataladı.

XIX a`sirde Berdaq shayır ko`p-sandı lirikalıq shıg`armalar jazıw menen qatar milliy qaraqalpaq a`debiyatına o`zinin` a`jayıp do`retiwshiligi, ko`rkem so`zge sheberligi menen tariyxta u`lken ruwxıy miyras qaldırdı.

Ol «Xorezm», «Shejire», «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy», «Erkebay», «Ra`wshan»da`stanları menen jazba ma`deniyatımızda ten`i-tayı joq u`lken jazba esteliklerdi jarattı.

Berdaq shayırdın` da`stanlıq shıg`armaların oqıg`anımızda onın` o`z zamanının` talantlı, birinshi na`wbette bilimdanlıg`ı arqalı milliy do`retiwshiliginin` barlıq qu`diretliklerin o`zine bag`ındırg`an ha`m onda erkin qa`lem terbetken insan ekenligin do`retiwshiligin ha`r ta`repleme bayıtıw onı rawajlandırıp barıw arqalı milliy a`debiyatımızdı da bayıtt. Onın` da`stanlıq shıg`armaların birinshi tariyxıy hu`jjetli shıg`armalar dep, ekinshiden u`lken ko`lemli polotnadag`ı jazba da`stanlıq shıg`armalar de peki toparg`a bo`lip u`yrenemiz. Shayırdın` tariyxıy hu`jjetli shıg`armalarına «Xorezm», «Shejire», «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy», da`stanları kiredi. Al a`debiy ko`rkem jazba da`stanlıq shıg`armalarına ken` sjetli «Aqmaq patsha», «Ernazar biy» ha`m «Ra`wshan» atlı da`stanlıq shıgarmalar kiredi.

Berdaq shayır o`z zamanının` u`lken do`retiwshi insan bola otırıp ol ja`miyetlik turmıs yamasa o`zine shekemgi jaratılg`an tariyxtan tek g`ana paydalanıwshı, material alıwshı solardı sıpatlawshı shayır bolıp qalmastan ol o`zi de o`z eline, xalqına o`l da ruwxıy jaratıwshı do`retiwshi insan bolıp o`tti.

Sol sebepli Berdaq shayır qaraqalpaq a`debiyatında ha`m du`n`yalıq ma`deniyat g`a`ziynesinen nızamlıq tu`rde orın aldı.

U`shinshi babında. «Berdaq shayırdın` Xorezm da`stanının` izertleniw ma`seleleri ha`m onı oqıtıwdın` geypara ma`seleleri» dep ataladı. Jumısımız barısında Berdaq do`retiwshiligi ha`m onın` «Xorezm» da`stanının` izertleniwi boyınsha professor A`.Paxratdinovtın` «Berdaq shayır tvorshestvosının` jıynalıwı basıp shıg`arılıwı ha`m izertleniwi tariyxınan» degen miyneti, «Qaraqalpaqstan» baspası 1990-jıl, I.Sag`ıtovtın` «Qaraqalpaq xalqının` ullı demokrat shayırı» degen miyneti, «Qaraqalpaqstan» baspası 1977-jıl jarıq ko`rdi.

A.Pirnazarovtın` «Berdaq shıg`armalarında do`retiwshilik usılları» degen miyneti. A`.Paxratdinovtın` «Berdaq shayırdın` da`stanlıq shıg`armaları» degen monografiyası A.Karimov, B.Qa`limbetov, B.Qurbanbaevlardın` miynetlerinen paydalandıq.

Sonın` menen birge Berdaqtın` «Xorezm» da`stanın oqıtıwdın` geypara usılları boyınsha biz jumısımız barısında ken` tu`rde aytıp, mısallar keltirip o`ttik. Ulıwma bilimlendiriw mekteplerinde jan`a pextexnologiyalar tiykaırnda oqıtıw baslı printsipi bolıp turıptı. Juwmaqlap aytqanda jumısımızda Berdaqtın` «Xorezm» da`stanının` izertleniwi ha`m onı oqıtıwdın` usılları haqqında jumısımız barısında ayttıq. Berdaq do`retiwshiligi milliy ma`deniyatımızdın` ruwxıy, a`debiy miyrası sıpatında ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıp u`yreniw tiykarg`ı wazıypamız.

Paydalanılg`an a`debiyatlar.

1. Berdaq Tolıq jıynag`ı. KKMB. To`tku`l, 1941 jıl.

2. Berdaq. Tan`lamalı shıg`armalar jıynag`ı. KKMB. No`kis, 1950 ha`m 1956-jıllar

3. Berdaqtın` Tan`lamalı shıg`armalar jıynag`ı «Qaraqalpaqstan» baspası, No`kis 1987-jıl

4. Berdaq. Saylandı shıg`armalar «Qaraqalpaqstan» No`kis 1997-jıl

5. I.A.Karimov «Jan`ash oylaw-da`wir talabı» «Erkin- Qaraqalpaqstan», 1997-jıl 19-iyul`

6. Ustaz gazetası, 1998-jıl, 19-dekabr` №24 (25). Berdaqtın` 170 jıllıq merekesine arnalg`an arnawlı sanı.

7. N.Da`wqaraev. Berdaq shayır (tariyxıy a`debiy izertlew) 1950-jıl

8. N.Da`wqaraev. Revolyutsiyag`a shekemgi qaraqalpaq a`debiyatı tariyxının` osherkleri. KKMB No`kis 1961-jıl

9. I.Sag`ıtov. Berdaq ullı patriot shayır. KKMB No`kis 1943-jıl

10. I.Sag`ıtov. Berdaq tvorshestvosı. KKMB, No`kis 1958-jıl.

11. S.Bassin. Berdaq shayır velikiy poet-patriot KKGiz, Nukus 1943 god

12. A`.Paxratdinov. Berdaq shayır do`retiwshiliginin` geypara ma`seleleri, No`kis, Qaraqalpaqstan 2013-j

13. A`.Paxratdinov. Berdaq shayırdın` ko`rkemlik du`n`yası. No`kis, Qaraqalpaqstan 2007-j